

JUPUKEN AQIDAHMU

Saka
Al-Quran lan Sunnah

Dening Syeikh Muhammad Jamil Zainu

Kajarwakkake dening
Abul Aswad Al Bayaty

Menurut beberapa survei, jumlah penutur bahasa Jawa adalah yang terbesar kedua se-Nusantara setelah bahasa Indonesia. Artinya ia adalah bahasa daerah dengan jumlah penutur paling banyak di negeri kita ini.

Adapun di tingkat dunia jumlah penutur bahasa Jawa menduduki peringkat ke-11. dan lebih dari delapan puluh empat juta manusia menggunakan bahasa Jawa dalam kehidupan mereka sehari-hari. Tak hanya digunakan di Indonesia ia juga banyak digunakan di negara manca seperti Suriname, Kaledonia Baru, Malaysia, Singapura dan Belanda.

Disamping itu gerakan dakwah, pengajian, ta'lim di perkampungan dan desa-desa banyak sekali disampaikan dalam bahasa Jawa. bahkan tidak jarang sebagian warga utamanya kaum tua di pedesaan. justru kurang memahami konten dakwah saat disampaikan dengan bahasa selain bahasa yang mereka gunakan sehari-hari. Allah ta'ala berfirman:

"Kami tidak mengutus seorang rasulpun, melainkan dengan bahasa kaumnya, supaya ia dapat memberi penjelasan dengan terang kepada mereka..." (QS. Ibrahim, 4).

Berangkat dari ini semua, kami berusaha menerjemahkan salah satu kitab aqidah terbaik tulisan Syeikh Muhammad Jamil Zainu *rahimahullahu ta'ala* berjudul **Khudz 'Aqidataka Minal Kitabi Was Sunnah Ash Shahihah** ke dalam bahasa Jawa.

Pilihan jatuh ke kitab ini karena pilihan bahasa yang sederhana, pembahasan yang jelas, mudah dipahami, ringkas namun tidak mengurangi keilmiyahan kitab ini karena dilengkapi dalil Al-Quran dan Al-Hadits.

Isi kitab ini juga merupakan bahasan yang teramat sangat penting, yang selayaknya diketahui oleh setiap muslim. yaitu tentang aqidah tauhid yang menjadi intisari ajaran agama Islam.

Terima kasih kami haturkan kepada guru kami yang mulia. **Al Ustadz Sa'id Syamsul Huda hafidzahullahu ta'ala** yang telah berkenan memberikan kata pengantar di tengah kesibukan beliau berdakwah serta mengurus pesantren Al-tisham Gunung Kidul.

Terima kasih pula kami sampaikan kepada semua pihak yang telah turut serta membantu membidani lahirnya kitab sederhana ini. Besar harapan kami semoga Tauhid semakin membumi di Nusantara. Teriring doa tulus semoga Allah memberikan keikhlasan kepada semua pihak dalam ucapan dan perbuatan, wa *jazakumullahu khairan.*





JUPUKEN AQIDAHMU

Saka

Al-Quran lan Sunnah

Dening Syeikh Muhammad Jamil Zainu



Kajarwakkake dening
Abul Aswad Al Bayaty


بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِیْمِ



“

Kitab punika dipun cithak lan dipun wedalaken awit pambiyantunipun para muhsinin. Mugi Allah tansah paring piwales kesaenan kegem piyambakipun, paring pangapura dhumateng sedaya dosa kalepatanipun, kalepatan tiyang sepuhipun lan kalepatan kaum muslimin sedaya.

”



JUPEKEN AQIDAHMU SAKA AL-QUR'AN LAN SUNNAH

خذ عقيدتك من الكتاب والسنة
الصحيحة



- Irah-irahan : Jupuken Aqidahmu Saka Al-Qur'an
Lan Sunnah.
- Pangripta : Syaikh Muhammad Jamil Zainu.
- Panjarwa : Abul Aswad Al Bayaty
- Editor : Syaroful Anam.
- Editor Bahasa : Parimin Sena Raharja.
- Layout Kitab : Ikhsan Abu Salamah & Ilham Rusadi.
- Desain Sampul : Ikhsan Abu Salamah.
- Cap-capan : Katelu, Ramadhan 1442H/2021M.

**KITAB PUNIKA DIPUN ANDUMAKEN GRATIS, LAN
BOTEN PARENG DIPUN DADOSAKEN DEDAGANGAN.**



PRAWACANA **(pengantar)**

Bismillahirrahmanirrahim

Alhamdulillah Rabbil 'alamin, sedaya puji pangalembana konjuk wonten ngarsa dalem Allah subhanahu wata'ala. Dzat ingkang sampun hanyipta sedaya titah, jin menapa dene manungsa. Saperlu kagem nindakaken pangibadahan, ngestoni menapa ingkang dados hak-hakipun Allah kanthi manembah mligi dumateng Allah ta'ala. Lan nilaraken sedaya sesembahan sanesipun Allah

Shalawat lan salam mug i tansah katetepna dhumateng kanjeng Nabi Muhammad, sedaya garwa, putra. Sumrambahipun dumateng para shahabat lan panderekipun.

Kitab **Khudz Aqidataka Minal Kitab wa Sunnah** ingkang kaserat dening panjenenganipun Syeikh Muhammad Jamil Zainu. Mujudaken satunggaling kitab ingkang mbeber babagan Aqidah Tauhid. Njlentrehaken perkawis Tauhid lan Syirik kanthi adhedasar dalil-dalil Al Qur'an lan Sunnah. Kanthi basa ingkang cekak aos sahingga estu wigati dipun mangertosi, dipun sinaoni dening sedaya kaum muslimin.

Awit piwucal Tauhid lan Aqidah ingkang leres, saestu dipun betahaken lan hanggadhahi keagungan ingkang kathah, antawisipun :



1. Aqidah ingkang lurus mujudaken benteng ingkang njagi keslametanipun bandha lan nyawa.
2. Aqidah ingkang leres pinangka syarat dipun tampinipun sedaya amal lan pangandikan.
3. Aqidah ingkang leres pinangka lantaran mlebet swarga lan slamet saking siksaning geni neraka.
4. Aqidah mujudaken sebab kesaenan lan tata titi tentremipun masyarakat.
5. Aqidah ingkang leres handadosaken tiyang istiqomah nglampahi agaminipun, slamet pikir, rasa lan bathosipun.

Pramila Aqidah Tauhid ingkang lurus mujudaken kunci bebungah, katentreman saha rahayuning gesang ing ngalam donya lan akherat.

Sedherek kita, Al Ustadz Abul Aswad Al Bayati sampun mbudidaya anjarwakaken kitab menika dateng Basa Jawi. Kanthi pangajab supados sedherek kaum muslimin, mliginipun piyantun Jawi langkung gampil anggenipun nyinau lan anggegulang kitab menika.

Pramila kula ajak-ajak dumateng sedherek-sedherek kula kaum muslimin. Supados kersa maos lan nyinau kitab menika, saperlu kagem ngleresaken Aqidah Tauhid. Satemah saget nuhoni menapa ingkang dados hak-hakipun Allah Ta'ala.

Mugi Allah Ta'ala tansah paring rahmat, barakah lan kekiatan dhumateng Al ustadz Abul Aswad Al bayati, anggenipun mbudidaya nggethok tularaken dakwah Tauhid. Mugi amal menika dipun dadosaken amal ingkang ikhlas kerana Allah Ta'ala. Kaganjar ingkang ageng lan manpangati dhumateng sinten ingkang maos, nyinau lan ngestokaken suraosipun kitab menika.

Mugi Allah Ta'ala tansah ngreksa lan ndadosaken kita sedaya istiqomah nglampahi dhawuhipun Allah. Dipun dadosaken Ahli Iyyaka Na'budu wa Iyyaka Nasta'in.

*Alhamdulillahirobbil 'alamin
Wa sholallahu 'ala Nabiyyina Muhammad wa 'ala Alihi
wa ashhabihijama'in
Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh*



Gunungkidul, 30 Mulud 1442 / 16 November 2020

Al Faqir Ila 'afwi Rabbihi wa Maghfiratih
Ust. Said Syamsul Huda

(Pamangku Pondok Pesantren Al-i'tishom Gunung Kidul)





DAFTAR ISI

• Prawacana	iv
• Daftar Isi	vi
• Purwaka	viii
• Hak'e Allah Marang Kawulane	1
• Jinis Lan Paedahe Tauhid	9
• Syarat-Syarat Ditampa Amale	19
• Syirik Akbar (Tumindak Syirik Sing Gedhe)	23
• Jinise Syirik Akbar (Syirik Sing Gedhe)	31
• Syirik Asghar (Tumindak Syirik Sing Cilik)	51
• Tawassul Lan Nyuwun Syafa'at	55
• Jihad, Nyedulur Lan Mutusi Pidana Paukuman	68
• Ngamalake Al-Qur'an Lan Hadits	74
• Sunnah Lan Bid'ah	82
• Pandonga Kang Mustajab Utawi Mandi	88



PURWAKA

Bismillahirrahmanirrahim

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. أَمَّا بَعْدُ فَهَذِهِ أَسْئَلَةٌ هَامَةٌ فِي الْعَقِيدَةِ أُجِيبَ عَلَيْهَا مَعَ ذِكْرِ الدَّلِيلِ مِنَ الْقُرْآنِ وَالْحَدِيثِ لِيَطْمَئِنَّ الْقَارِئُ إِلَى صِحَّةِ الْجَوَابِ، لِأَنَّ عَقِيدَةَ التَّوْحِيدِ أَسَاسُ سَعَادَةِ الْإِنْسَانِ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ. وَاللَّهُ أَسْأَلُ أَنْ يَنْفَعَ بِهَا الْمُسْلِمِينَ وَيَجْعَلَهَا خَالِصَةً لِلَّهِ تَعَالَى. مُحَمَّدٌ بْنُ جَمِيلٍ زَيْنُو

Yektininipun sedaya pangalembana namung konjuk wonten ngarsa dalem Allah Subhannahu wa ta'ala. Kita nyuwun pangayoman saha nyuwun pangapunten awit sedaya dosa saha kalepatan namung dumateng Allah ta'ala. Kita ugi nyuwun pangayoman awit saking awonipun jiwa saha awonipun amal.

Sapa wonge diwenahi pituduh dening Allah ora ana sawiji kang bisa njlomprongake dheweke. Lan sapa wonge dijlomprongake dening Allah ora ana sawiji kang bisa menehi pituduh marang dheweke.

Kitab iki ngemot pitakonan-pitakonan wigati babagan aqidah Islam kang wis tak wangsuli adhedhasar dalil saka Al-Qur'an lan As-Sunnah. Supaya kaum muslimin rumangsa luwih marem marang wangsulan sing bener. Amerga aqidah tauhid iku pinangka kuncining bebungah urip ana ing ngalam ndonya lan akherat.

Namung marang Allah aku nyenyuwun supaya kitab iki bisa manpangati kanggo kaum muslimin lan dadi amal sing ikhlas.

Kaserat Dening Syeikh Muhammad Jamil Zainu -
mugi Allah tansah paring rahmat kagem piyambakipun-.



حق الله على العباد

BAB KASIJI



HAK'E ALLAH
MARANG KAWULANE



س ۱- : لِمَاذَا خَلَقَنَا اللَّهُ؟

1. **Pitakonon** : Apa wigatine Allah ta'ala nyipta awake dhewe ?

ج ۱ : خَلَقْنَا لِنَعْبُدَهُ وَلَا نُشْرِكُ بِهِ شَيْئًا وَالذَّلِيلُ قَوْلُهُ
تَعَالَى فِي سُورَةِ الذَّارِيَاتِ:

وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ (الذاريات : ۵۶)

وَقَوْلُهُ ﷺ: حَقُّ اللَّهِ عَلَى الْعِبَادِ أَنْ يَعْبُدُوهُ وَلَا يُشْرِكُوا
بِهِ شَيْئًا (متفق عليه)

Wangsulan : Allah nyipta awake dhewe supaya ngibadah marang Allah lan ora tumindak syirik.

Dalile Allah ta'ala dhawuh :

"Lan ingsun ora nyipta jin kelawan manungsa kajaba supaya dheweke padha menambah marang ingsun."

(QS. Adz-Dzariyat, 56).



Lan dhawuhe Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam :

"Hak'e Allah marang kawulane supaya kawula pada manambah marang Allah lan ora tumindak syirik babar blas."
(HR. Bukhari-Muslim)

س ۲- : مَا هِيَ الْعِبَادَةُ؟

2. Pitakonan : Apa kang diarani ibadah iku ?

ج ۲- : الْعِبَادَةُ اسْمٌ جَامِعٌ لِمَا يُحِبُّ اللَّهُ مِنَ الْأَقْوَالِ وَالْأَفْعَالِ. كَالدُّعَاءِ وَالصَّلَاةِ وَالذَّبْحِ وَغَيْرِهَا.. قَالَ تَعَالَى:

قُلْ إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ
(الأنعام : ۱۶۲)

نُسُكِي : ذَبْحِي لِلْحَيَوَانَاتِ

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ تَعَالَى :

وَمَا تَقْرَبَ إِلَيَّ عَبْدِي بِشَيْءٍ أَحَبَّ إِلَيَّ مِمَّا افْتَرَضْتُهُ عَلَيْهِ
(حديث قدسي رواه البخاري)

Wangsulan : Kang diarani ibadah iku sakabehing perkara kang ditresnani lan diridhai dening Allah arupa tetembungan lan tumindak. Kayata donga, shalat, mbeleh sato kewan (kurban) lan sapanunggalane.

Allah ta'ala dhawuh :

"Dhawuha sira (Muhammad) yektine shalatku, lan (Nusuki) anggonku mbeleh sato kewan, urip lan matiku kabeh amung kanggo Allah ta'ala Pangeran kang murba masesa jagad saisine."

(QS. Al-An'am, 162)

Nusuki maknane sato kewan sing tak beleh (kurban).

Lan Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Lan kawulaningsun ora nyerak marang Ingsun kanthi nindakake perkara kang Ingsun tresnani arupa perkara-perkara sing wajib." (Hadits Qudsi Riwayat Imam Bukhari)



س ۳- : كَيْفَ نَعْبُدُ اللَّهَ؟

3. Pitakonan : Kepiye carane awake dhewe nindakake ibadah marang Allah ta'ala ?

ج ۳- : كَمَا أَمَرَنَا اللَّهُ وَرَسُولُهُ قَالَ تَعَالَى :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَلَا تُبْطِلُوا ءَعْمَلَكُمْ (محمد : ۳۳)

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ :

مَنْ عَمِلَ عَمَلًا لَيْسَ عَلَيْهِ أَمْرُنَا فَهُوَ رَدٌّ (رواه مسلم)

Wangsulana : Awake dhewe nindakake ibadah marang Allah jumbuh karo dhawuhe Allah lan Rasul.

Allah ta'ala dhawuh :

"Hei wong-wong kang pada iman manuta sira marang Allah lan manuta sira marang Rasul. Lan aja mbubrah amal sing wis sira tindakake."

(QS. Muhammad, 33)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Sapa nindakake sawijining amal kang ora nate ingsun dhawuhake, mangka amalan iku mau bakal tinampik (Ora bakal ditampa)." (HR. Muslim)

س ٤ : -هَلْ نَعْبُدُ اللَّهَ خَوْفًا وَطَمَعًا؟

4. Pitakonan : Apa awake dhewe iki ngibadah marang Allah karena rasa wedi lan pengarep-arep?

ج ٤ : نَعَمْ نَعْبُدُهُ كَذَلِكَ
قَالَ تَعَالَى يَصِفُ الْمُؤْمِنِينَ :
يَدْعُونَ رَبَّهُمْ خَوْفًا وَطَمَعًا (سورة السجدة)

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: أَسْأَلُ اللَّهَ الْجَنَّةَ، وَأَعُوذُ بِهِ مِنَ النَّارِ
(صحيح رواه أبو داود)



Wangsulan : Iya bener, awake dhewe iki nindakake ibadah marang Allah kanthi rasa wedi lan pengarep-arep. Allah ta'ala dhawuh nalika nyipati wong-wong kang pada iman :

"Dheweke pada Ndonga marang Allah kanthi rasa wedi lan pengarep-arep."

(QS. As-Sajdah, 16)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh:

"Aku nyuwun suwarga marang Allah, lan aku nyuwun pangayoman marang Allah saka geni neraka."

(HR Abu Dawud)

س ٥- : مَا هُوَ الْإِحْسَانُ فِي الْعِبَادَةِ؟

5. Pitakonan : Apa kang diarani Ihsan nalika nindakake ibadah?

ج ٥ : الْإِحْسَانُ هُوَ مُرَاقَبَةُ

. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : الَّذِي يَرِيكَ حِينَ تَقُومُ وَتَقْلُبُكَ فِي

السَّجْدِينَ (سورة الشعراء)



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: الْإِحْسَانُ أَنْ تَعْبُدَ اللَّهَ كَأَنَّكَ تَرَاهُ، فَإِنْ لَمْ تَكُنْ تَرَاهُ فَإِنَّهُ يَرَاكَ (رَوَاهُ مُسْلِمٌ)

Wangsulan : Kang diarani Ihsan iku, tansah rumangsa dipirsani dening Allah ta'ala sajroning pangibadahan. Allah ta'ala dhawuh :

"Allah iku kang mirsani sira nalika sira ngadeg, lan nalika sira sujud." (QS. Asy-Syu'ara, 218-219)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

*"Kang diarani Ihsan iku sira manembah/ ngibadah marang Allah kaya-kaya sira weruh marang Allah. Manawa sira ora weruh marang Allah, sejatine Allah mirsani marang sira."
(HR. Muslim)*



أنواع التوحيد وفوائده

BAB KAPINDO



JINIS LAN PAEDAHE
TAUHID



س ٦ - : لِمَاذَا أَرْسَلَ اللَّهُ الرَّسُلَ؟

6. Pitakonan : Apa wigatine Allah ta'ala ngutus para Rasul?

ج ٦ : أَرْسَلَهُمْ لِلدَّعْوَةِ إِلَىٰ عِبَادَتِهِ، وَنَفَى الشِّرْكَ عَنْهُ
 قَالَ تَعَالَى: وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ
 وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ (سورة النحل)

الطَّاغُوتُ: الشَّيْطَانُ الدَّاعِي إِلَىٰ عِبَادَةِ غَيْرِ اللَّهِ

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: وَالْأَنْبِيَاءُ إِخْوَةٌ وَدِينُهُمْ وَاحِدٌ
 (الْحَدِيثُ مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)

Wangsulana : Allah ngutus para Rasul supaya ajak-ajak manungsa ngibadah marang Allah ta'ala lan ngawisi saka tumindak syirik. Allah ta'ala dhawuh :

"Lan yekti ingsun wis ngutus marang saben-saben kaum sawijining Rasul supaya kaum iku pada ngibadah marang Allah lan ngadoh saka Thaghut." (QS. An-Nahl, 36)

Thaghut iku setan kang ajak-ajak manungsa supaya ngibadah marang saliyane Allah.



Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Para nabi iku pinangka sedulur, agamane pada kabeh.”
(HR. Muttafaqun 'Alaihi)

س ٧ - : مَا هُوَ تَوْحِيدُ الرَّبِّ؟

7. Pitakonan : Apa kan diarani Tauhid Rububiyah iku ?

ج ٧ : تَوْحِيدُهُ بِأَفْعَالِهِ كَالْخَلْقِ وَالتَّدْبِيرِ وَغَيْرِهِمَا
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : أَنْتَ رَبُّ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)

Wangsulana : Tauhid Rububiyah iku maknane nunggalake Allah ana sajroning tumindake Allah. Kayata mercayani menawa Allah iku kang nyipta lan murba masesa jagad saisine. Allah ta'ala dhawuh :

“Sakabehing pangalembana amung konjuk kanggo Allah Pangeran kang murba masesa jagad saisine.”

(QS. Al-Fatihah)



Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Ya Allah paduka menika Pangeran ingkang murba
masesa jagad saisinipun.”
(HR. Muttafaqun Alaih)

س ٨ - : مَا هُوَ تَوْحِيدُ الْإِلَهِ؟

8. Pitakonan : Apa kang diarani Tauhid Uluhiyah iku ?

ج ٨ : هُوَ إِفْرَادُهُ بِالْعِبَادَةِ كَالدُّعَاءِ وَالذَّبْحِ وَالنَّذْرِ
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: وَإِلَهُكُمْ إِلَهٌ وَحِدٌ ^{صَلَّى} لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ
الرَّحْمَنُ الرَّحِيمُ (سورة البقرة)

وَقَالَ ^{صَلَّى} اللَّهُ تَعَالَى: فَلْيَكُنْ أَوَّلَ مَا تَدْعُوهُمْ إِلَيْهِ شَهَادَةً أَنْ لَا إِلَهَ
إِلَّا اللَّهُ (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)
وَفِي رِوَايَةِ الْبُخَارِيِّ: إِلَى أَنْ يُوْحَدُوا اللَّهَ

Wangsulan : Tauhid Uluhiyah iku ngemu surasa nunggalake Allah kanthi pangibadahan kayata ndonga, mbeleh sato kewan (kurban), nadzar. Allah ta’ala dhawuh :

“Pangeranmu iku Maha Tunggal, ora ana Pangeran kajaba dheweke. Pangeran kang Maha welas lan Maha asih.”
(QS. Al-Baqarah, 163)



Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Prayogane perkara sepisan sing ko wulangake marang manungsa iku kalimat syahadat Lailaha illallah.”

(HR. Muttafaqun Alaihi)

س ٩ - : مَا هُوَ تَوْحِيدُ صِفَاتِ اللَّهِ وَأَسْمَائِهِ؟

9. Pitakonan : Apa kang diarani Tauhid Asma' Was Sifat?

ج ٩ : هُوَ إِثْبَاتُ مَا وَصَفَ اللَّهُ بِهِ نَفْسَهُ فِي كِتَابِهِ، أَوْ وَصَفَهُ رَسُولُهُ فِي أَحَادِيثِهِ الصَّحِيحَةِ عَلَى الْحَقِيقَةِ، بِلَا تَأْوِيلٍ وَلَا تَفْوِيضٍ، وَلَا تَمَثِيلٍ وَلَا تَعْطِيلٍ كَالْأَسْتِوَاءِ وَالنُّزُولِ وَالْيَدِ وَغَيْرِهَا، مِمَّا يَلِيقُ بِكَمَالِهِ

قَالَ تَعَالَى: لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْءٌ^ط وَهُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ
(سورة الشورى)

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: يَنْزِلُ اللَّهُ فِي كُلِّ لَيْلَةٍ إِلَى السَّمَاءِ الدُّنْيَا..
(رَوَاهُ مُسْلِمٌ)



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: يَنْزِلُ اللَّهُ فِي كُلِّ لَيْلَةٍ إِلَى السَّمَاءِ الدُّنْيَا..
(رَوَاهُ مُسْلِمٌ)

يَنْزِلُ نُزُولًا يَلِيقُ بِجَلَالِهِ، لَا يُشَبَّهُ أَحَدًا مِنْ مَخْلُوقَاتِهِ

Wangsulan : Tauhid Asma' Was Sifat iku mercayani sifate Allah kang wis disebutake ana ing Al-Qur'an, utawa sifate Allah kang wis disebutake dening Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam ana sajroning hadits-hadits kang shahih, jumbuh karo kahanan satenane. Kanthi ora tumindak Takwil, ora tumindak Tafwidh, Tamtsil lan uga Ta'thil.

Kayata mercayani sifat Istiwa' (duwur), sifat Nuzul (mudun) lan sifat-sifat liyane, arupa sifat kang jumbuh karo kamulyane Allah ta'ala. Allah ta'ala dhawuh :

"Ora ana sawiji kang madhani Allah, lan Allah iku Dzat kang Maha miyarsa sarta Maha mirsani."

(QS. Asy-Syura, 11)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Allah ta'ala iku mudhun saben wayah wengi ana ing langit ndonya." (HR. Muslim)



Maknane Allah ta'ala iku mudhun kanthi cara mudhun kang jumbuh karo kamulyane Allah, lan ora padha karo mudune sawijining makhluk.

س ١٠ - : أَيَّنَ اللَّهُ؟

10. Pitakonan : Allah ana ngendi ?

ج ١٠ : اللَّهُ فَوْقَ الْعَرْشِ عَلَى السَّمَاءِ
قَالَ تَعَالَى : الرَّحْمَنُ عَلَى الْعَرْشِ أَسْتَوَى (سورة طه)
أَيَّ عِلَا وَارْتَفَعَ

كَمَا جَاءَ فِي الْبُخَارِيِّ وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : إِنَّ اللَّهَ كَتَبَ كِتَابًا...
فَهُوَ عِنْدَهُ فَوْقَ الْعَرْشِ (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)

Wangsulan : Allah ana saduwure 'Arsy ana saduwure langit. Allah ta'ala dhawuh :

“Allah iku ana sadhuwure ‘Arsy.”
(QS. Thaha, 5)



Maknane Allah iku ana ing ndhuwur lan munggah kaya dene disebutake ana ing kitab Shahih Bukhari.

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh, :

“Yektine Allah ta’ala nyerat sawijining kitab lan kitab iku mapan ana ngarsane Allah ing sadhuwure ‘Arsy.”

(HR. Muttafaqun ‘Alaih)

س ١١ : هَلِ اللَّهُ مَعَنَا؟

11. Pitakonan : Apa Allah iku nyartani awake dhewe ?

ج ١١ : اللَّهُ مَعَنَا بِسْمَعِهِ وَرُؤْيَيْتِهِ وَعِلْمِهِ
. قَالَ تَعَالَى : قَالَ لَا تَخَافَا ^{حط} إِنِّي مَعَكُمْ أَسْمَعُ وَأَرَى
(سورة طه).

وَقَالَ ^{صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ} : إِنَّكُمْ تَدْعُونَ سَمِيعًا قَرِيبًا وَهُوَ مَعَكُمْ {أَيَّ
بِعِلْمِهِ} (رَوَاهُ مُسْلِمٌ)

Wangsulan : Allah nyartani awake dhewe kanthi pamirenge, paningale lan ngilmune Allah. Allah ta’ala dhawuh:



“Allah dhawuh, sira sakloron aja pada wedi ! yektine ingsun nyartani sira sakloron, aku krungu lan aku weruh.”

(QS. Thaha, 46)

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh, :

“Yektine sira kabeh iku nyuwun marang sawijining Dzat kang maha miyarsa, cerak lan Allah iku nyartani sira kabeh.”
Maknane Allah nyartani kanthi ilmunicipun. (HR. Muslim).

س ١٢ : مَا هِيَ فَائِدَةُ التَّوْحِيدِ؟

12. Pitakonan : Apa gunane Tauhid iku ?

ج ١٢ فَائِدَةُ التَّوْحِيدِ هِيَ الْأَمْنُ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْعَذَابِ
وَالْهُدَايَةُ فِي الدُّنْيَا وَتَكْفِيرُ الذُّنُوبِ

. قَالَ تَعَالَى: الَّذِينَ ءَامَنُوا وَلَمْ يَلْبِسُوا إِيمَانَهُمْ بِظُلْمٍ
أُولَٰئِكَ لَهُمُ الْأَمْنُ وَهُمْ مُّهْتَدُونَ (سورة الأنعام)
(بِظُلْمٍ: أَيِّ بَشْرِكٍ)



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: حَقُّ الْعِبَادِ عَلَى اللَّهِ أَنْ لَا يُعَذِّبَ مَنْ لَا يُشْرِكُ بِهِ شَيْئًا (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)

Wangsulan : Gunane tauhid nyebabake rasa aman ana ing akhirat saka pasiksan. Lan hidayah ana ing ngalam ndonya. Tauhid uga dadi jalaran diapurane dosa. Allah ta'ala dhawuh, :

“Wong-wong kang pada iman lan ora ngregeti keimanane kanthi tumindak zalim dheweke bakal diparingi aman, lan diparingi hidayah/ pituduh.”

(QS. Al-An'am, 82)

Tumindak zalim iku maknane tumindak syirik.

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

“Hak-e kawula marang Allah, Allah ora bakal maringi pasiksan marang wong kang ora tumindak syirik.”

(HR. Muttafaqun 'Alaih)



شروط قبول العمل

BAB KATHELU



SYARAT-SYARAT
DITAMPA AMALE



س ۱۳ - : مَا هِيَ شُرُوطُ قَبُولِ الْعَمَلِ؟

13. Pitakonan : Apa wae syarat-syarat ditampane amal ibadah iku ?

۱ - الْإِيمَانُ بِاللَّهِ وَتَوْحِيدُهُ.
 قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
 كَانَتْ لَهُمْ جَنَّاتُ الْفِرْدَوْسِ نُزُلًا
 (سورة الكهف).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: قُلْ آمَنْتُ بِاللَّهِ ثُمَّ اسْتَقِمَّ (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

۲ - الْإِخْلَاصُ: وَهُوَ الْعَمَلُ لِلَّهِ مِنْ غَيْرِ رِبَاءٍ وَلَا
 سُمْعَةٍ.

قَالَ تَعَالَى: فَأَعْبُدِ اللَّهَ مُخْلِصًا لَهُ الدِّينَ (سورة الزمر)

۳ - الْمَوْافِقَةُ لِمَا جَاءَ بِهِ الرَّسُولُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ.

قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: وَمَا ءَاتَاكُمُ الرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَاكُمْ
 عَنْهُ



فَأَنْتَهُوْا (سورة الحشر)
وَقَالَ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ عَمِلَ عَمَلًا لَيْسَ عَلَيْهِ أَمْرُنَا فَهُوَ رَدٌّ {أَيَّ
مَرْدُودٌ} (رَوَاهُ مُسْلِمٌ)

Wangsulan : Syarat-syarat ditampane amal ana ing ngarsane Allah iku ana telu :

a. Iman marang Allah lan tauhid (Allah Maha tunggal).
Allah ta'ala dhawuh, :

“Yektine wong-wong kang pada iman lan nindakake amal shalih bakal diparingi omah ana ing suwarga Firdaus.”

(QS. Al-Kahfi, 107)

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh, :

“Kandhakna aku iman marang Allah, banjur istiqamaho.”

(HR. Muslim)

b. Ikhlas, yaiku nindakake amal kerana Allah kanthi tanpa riya' lan sum'ah (pamer marang manungsa.) Allah ta'ala dhawuh, :

“Padha ngibadaho sira kabeh marang Allah kanthi ikhlas.”

(QS. Az-Zumar, 2)

c. Amal ibadah kudu jumbuh karo syariate Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam, Allah ta'ala dhawuh, :

“Lan apa-apa kang diwulangake dening rasul marang sira pada tindakna, apa kang diawisi dening rasul pada tinggalna.” (QS. Al-Hasyr, 7)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

”Sapa nindakake amal kang ora nate ingsun dhawuhake, amal iku bakal tinampik.” Maknane ora bakal tinampa dening Allah. (HR. Muslim)



أنواع الشرك الأكبر

BAB KAPAPAT



SYIRIK AKBAR
(TUMINDAK SYIRIK
SING GEDHE)



س ١٤ - : مَا هُوَ أَكْبَرُ الذُّنُوبِ عِنْدَ اللَّهِ؟

14. Pitakonan : Dosa apa sing paling gedhe mungguhing Allah ?

ج ١٤ - : أَكْبَرُ الذُّنُوبِ الشِّرْكَ بِاللَّهِ
وَالدَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى : يَبْنَى لَا تُشْرِكْ بِاللَّهِ صَلَّى إِنَّ الشِّرْكَ
لَظُلْمٌ عَظِيمٌ (سورة لقمان).

وَلَمَّا سُئِلَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى : أَيُّ الذَّنْبِ أَكْبَرُ؟ قَالَ : أَنْ
تَجْعَلَ لِلَّهِ نِدًّا وَهُوَ خَلَقَكَ (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ)

النَّدُّ : الشَّرِيكُ

Wangsulana : Dosa sing paling gedhe iku tumindak syirik marang Allah. Allah ta'ala dhawuh, :

“(Luqman kandha) Hei anakku, sira aja tumindak syirik marang Allah ! yektine syirik iku dadi dosa sing paling gedhe.” (QS. Luqman, 13)



Lan nalika Rasul shalallahu ‘alaihi wa sallam disuwuni pirsu:

“Dosa punapa ingkang paling ageng ?”. Piyambakipun dhawuh, : “Sira gawe tandhingan kanggo Allah kamangka Allah sing nyipta marang sira.”

(HR. Muttafaqun ‘Alaih)

Tandhingan maknane sesembahan saliyan Allah.

س ١٥ - : مَا هُوَ الشِّرْكَ الْأَكْبَرُ؟

15. Pitakonan : Apa kang diarani Syirik Akbar iku (Syirik sing gedhe)?

ج ١٥ - : الشِّرْكَ الْأَكْبَرُ هُوَ صَرَفُ الْعِبَادَةِ لِغَيْرِ اللَّهِ، كَدُعَاءِ غَيْرِ اللَّهِ، وَالْأَسْتِغَاثَةَ بِالْأَمْوَاتِ أَوْ الْأَحْيَاءِ الْغَائِبِينَ

قَالَ تَعَالَى: وَأَعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا (سورة النساء).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مِنْ أَكْبَرِ الْكِبَائِرِ: الشِّرْكَ بِاللَّهِ (رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ)



Wangsulan : Syirik Akbar iku maknane ngaturake pangibadahan marang saliyane Allah ta'ala. Kayata ndonga marang saliyane Allah, njaluk pangayoman marang wong sing wis mati, utawa njaluk pangayoman marang wong urip kang ghaib, Allah ta'ala dhawuh,

"Lan sira padha ngibadaha marang Allah lan aja padha nyekuthokake Allah kelawan barang liyane (tumindak syirik)." (QS. An-Nisa, 36)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh,

"Kalebu dosa sing paling gede, tumindak syirik marang Allah." (HR. Bukhari)

س ١٦ - : هَلْ الشِّرْكُ مَوْجُودٌ فِي هَذِهِ الْأُمَّةِ؟

16. Pitakonan : Apa kesyirikan iku isih ana ing satengahing umat iki?

ج ١٦ - : نَعَمْ مَوْجُودٌ
وَالدَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى : وَمَا يُؤْمِنُ أَكْثَرُهُمْ بِاللَّهِ إِلَّا وَهُمْ
مُشْرِكُونَ (سورة يوسف)



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَا تَقُومُ السَّاعَةُ حَتَّى تَلْحَقَ قَبَائِلُ مِنْ أُمَّتِي
بِالْمُشْرِكِينَ، وَحَتَّى تَعْبُدَ الْأَوْثَانَ (صَحِيحُ رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ)

Wangsulan : Iya ana wujudé, Allah ta'ala dhawuh, :

*“Lan akeh-akehe manungsa ngaku iman marang Allah,
kamangka dheweke pada tumindak syirik marang Allah.”*
(QS. Yusuf, 106)

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh, :

*“Dina kiamat ora bakal dumadi nganti ana perangane
umatku kang melu ngetutake wong musyrikin. Lan nganti
ana brahala kang disembah.” (Hadits shahih riwayat
Tirmidzi)*

س ١٧ - : مَا حُكْمُ دُعَاءِ الْأَمْوَاتِ أَوْ الْغَائِبِينَ؟

17. Pitakonan : Apa hukume ndonga marang wong mati,
lan ndonga marang wong kang ghaib ?

ج ١٧ - : دُعَاءُ الْأَمْوَاتِ أَوْ الْغَائِبِينَ مِنَ الشَّرِكِ الْأَكْبَرِ



قَالَ تَعَالَى : وَلَا تَدْعُ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَنْفَعُكَ وَلَا
يَضُرُّكَ ۖ فَإِنْ فَعَلْتَ فَإِنَّكَ إِذَا مِنْ الظَّالِمِينَ {أَيَّ
المُشْرِكِينَ} (سورة يونس)

وَقَالَ ﷺ : مَنْ مَاتَ وَهُوَ يَدْعُو مِنْ دُونِ اللَّهِ نَدَا دَخَلَ
النَّارَ (رَوَاهُ البُخَارِيُّ)

Wangsulan : Ndonga marang wong mati lan ndonga marang wong kang ghaib (ora ana ngenggon) kalebu tumindak syirik sing gedhe. Allah ta'ala dhawuh, :

"Lan aja pada ndonga marang saliyane Allah kang ora bisa menahi manpangat, lan bebaya marang sira. Menawa sira nekat nindakake yekti sira kalebu golongan wong kang tumindak zalim." (QS. Yunus, 106)

Golongane wong kang zalim maknane golongan wong kang tumindak syirik.

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

"Sapa wonge mati kanthi kahanan ndonga marang saliyane Allah, dheweke bakal mlebu neraka."
(HR. Bukhari)



س ١٨ - : هل الدعاء عبادة؟

18. Pitakonan : Apa ndonga iku kalebu ibadah?

ج ١٨ - : نعم الدعاء عبادة

قَالَ تَعَالَى: وَقَالَ رَبُّكُمْ ادْعُونِي أَسْتَجِبْ لَكُمْ إِنَّ الَّذِينَ يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِي سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ {أَيِّ ذَلِيلِينَ (سورة غافر).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: الدُّعَاءُ هُوَ الْعِبَادَةُ.

(رَوَاهُ أَحْمَدُ، وَقَالَ التِّرْمِذِيُّ حَسَنٌ صَحِيحٌ)

Wangsulan : Iya, ndonga iku klebu ibadah, Allah ta'ala dhawuh, :

“Lan Pangeranira dhawuh ; Sira pada nyuwuna marang ingsun. Ingsun bakal nyembadani panyuwunanira. Saperangane wong kang gumedhe ora gelem nyuwun marang ingsun, dheweke bakal mlebu neraka jahanam Dakhirin (kanthi asor).” (QS. Ghafir, 60)

Dakhirin maknane asor.

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

“Donga iku pinangka ibadah.”

(HR. Ahmad lan Imam Tirmidzi ngendika : hadits hasan shahih)

س ١٩ - : هَلْ يَسْمَعُ الْأَمْوَاتُ الدُّعَاءَ؟

19. Pitakonan : Apa wong mati iku iso krungu marang donga penyuwunan?

ج ١٩ - : لَا يَسْمَعُونَ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى :
-إِنَّكَ لَا تَسْمَعُ الْمَوْتَى (سورة النمل).

-وَمَا أَنْتَ بِمُسْمِعٍ مَّن فِي الْقُبُورِ (سورة فاطر)

Wangsulan : Wong mati iku ora bisa ngrungokake donga penyuwunan, Allah ta'ala dhawuh, :

“Sira ora bakal bisa gawe wong mati dadi krungu.”

(QS. An-Naml, 80)

“Sira ora bakal bisa gawe krungu wong sing wis mati ing kuburan.” (QS. Fathir, 22)



أنواع الشرك الأكبر

BAB KALIMA



**JENISE SYIRIK AKBAR
(SYIRIK SING GEDHE)**



س ۲۰ - : هَلْ نَسْتَعِثُّ بِالْأَمْوَاتِ أَوِ الْغَائِبِينَ؟

20. Pitakonan : Apa awake dewe dikeparengake njaluk pitulungan marang wong mati lan wong kang ghaib?

ج ۲۰ - : لَا نَسْتَعِثُّ بِهِمْ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى :

۱ - وَالَّذِينَ يَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ لَا يَخْلُقُونَ شَيْئًا وَهُمْ يُخْلَقُونَ ○ أَمْوَاتٌ غَيْرُ أَحْيَاءٍ ۖ وَمَا يَشْعُرُونَ أَيَّانَ يُبْعَثُونَ
(سورة النحل).

۲ - إِذْ تَسْتَعِثُونَ رَبَّكُمْ فَاسْتَجَابَ لَكُمْ (سورة الأنفال).

وَقَالَ ﷺ: يَا حَيُّ يَا قَيُّوْمُ، بِرَحْمَتِكَ أَسْتَغِيثُ (حَسَنٌ رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ).

Wangsulan : Awake dewe ora dikeparengake njaluk pitulungan marang wong-wong iku mau. Allah ta'ala dhawuh :



“Lan brahala kang disuwuni saliyane Allah ora bisa nyipta babar blas, ananging dheweke iku sing dicipta. Brahala iku barang mati dudu barang urip. Lan wong kafir iku ora mangerteni menawa deweke bakal diuripake.”

(QS. An-Nahl, 21)

”Nalika sira nyuwun pitulungan marang Allah banjur Allah nyembadani penyuwunanira.”

(QS. Al-Anfal, 9)

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh, :

“Dhuh Pangeran kula ingkang Maha Gesang, Maha Kiat, kanthi kawelasan Paduka kula nyuwun pitulungan dhumateng Paduka.” **(Hadits hasan riwayat Tirmidzi)**

س ٢١ - : هَلْ تَجُوزُ الْاِسْتِعَانَةَ بِغَيْرِ اللّٰهِ؟

21. Pitakonan : Apa dikeparengake njaluk pangayoman marang saliyane Allah?

ج ٢١ - : لَا تَجُوزُ

وَالدَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى : اِيَّاكَ نَعْبُدُ وَاِيَّاكَ نَسْتَعِينُ



وَقَوْلُهُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: إِذَا سَأَلْتَ فَاسْأَلِ اللَّهَ، وَإِذَا اسْتَعَنْتَ فَاسْتَعِنَ بِاللَّهِ (حَسَنٌ صَحِيحٌ رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ)

Wangsulan : Ora dikeparengake, dalile pangandikane Allah ta'ala, :

"Namung dumateng Paduka ya Allah kula nyenyuwun, lan namung dumateng Paduka ya Allah kula nyuwun pangayoman." (QS. Al-Fatihah, 5)

Lan pangandikane Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam :

"Manawa sira nyuwun, nyuwuna marang Allah. Lan manawa sira nyuwun pangayoman, nyuwuna pangayoman marang Allah." (Hadits hasan riwayat Tirmidzi)

س ٢٢ - : هَلْ نَسْتَعِينُ بِالْأَحْيَاءِ؟

22. Pitakonan : Apa awake dewe dikeparengake njaluk pitulungan marang wong urip?

ج ٢٢ - : نَعَمْ فِيمَا يَقْدِرُونَ عَلَيْهِ
 قَالَ تَعَالَى: وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَى
 (سورة المائدة).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: وَاللَّهُ فِي عَوْنِ الْعَبْدِ مَا كَانَ الْعَبْدُ فِي عَوْنِ أَخِيهِ (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulan : Iya dikeparengake njaluk pitulungan sajroning perkara kang bisa disembadani. Allah ta'ala dhawuh, :

“Lan sira kabeh prayoga pada lung-tinulungan ing kabecikan lan taqwa.” (QS. Al-Maidah, 2)

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh, :

“Lan Allah iku tansah maringi pitulungan marang kawulane, sauger kawula mau tansah aweh pitulungan marah sedulure.” (HR. Muslim)

س ٢٣ - : هَلْ يَجُوزُ النَّذْرُ لغيرِ اللَّهِ؟

23. Pitakonan : Apa dikeparengake nadzar marang saliyane Allah ?

ج ٢٣ - : لَا يَجُوزُ النَّذْرُ إِلَّا لِلَّهِ
لِقَوْلِهِ تَعَالَى: رَبِّ إِنِّي نَذَرْتُ لَكَ مَا فِي بَطْنِي مُحَرَّرًا
(سورة آل عمران).



وَقَوْلُهُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ نَذَرَ أَنْ يُطِيعَ اللَّهَ فَلْيُطِعْهُ، وَمَنْ نَذَرَ أَنْ يَعْصِيَهُ، فَلَا يَعْصِيهِ (رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ)

Wangsulan : Ora dikeparengake nadzar kajaba amung kanggo Allah. Adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala, :

”(Maryam kandha) Dhuh Pangeran kulo sayektosipun kula nadzar dhumateng Paduka badhe merdikakaken jabang bayi ingkang mapan wonten guwa garba kula punika.”

(QS. Ali Imran, 35)

Lan adhedhasar dhawuhipun Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam, :

“Sapa wonge duwe nadzar arep manut marang Allah, prayoga enggal ditindakake. Lan sapa wonge duwe nadzar arep maksiat marang Allah, aja ditindakake !.”

(HR. Bukhari)

س ٢٤ - : هَلْ يَجُوزُ الذَّبْحُ لِغَيْرِ اللَّهِ؟

24. Pitakonan : Apa dikeparengake mbeleh sato kewan (kurban) kanggo saliyané Allah?

ج ٢٤ - : لَا يَجُوزُ

، وَالذَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَأَنْحَرْ

(سورة الكوثر) (انحَر: اذبح لله).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَعَنَ اللَّهُ مَنْ ذَبَحَ لِغَيْرِ اللَّهِ
(رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulan : Ora dikeparengake, dalile dhawuhe Allah ta'ala, :

"Mangka pada tindakna shalat marang Pengeranira lan tindakna Kurban." (QS. Al-Kautsar, 2)

Kurban maknane mbeleh sato kewan kurban kanggo Allah.

Lan Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

"Allah paring laknat marang wong kang mbeleh sato kewan kanggo saliyane Allah." (HR. Muslim)

س ٢٥ - : هَلْ نَطُوفٌ بِالْقُبُورِ لِلتَّقَرُّبِ بِهَا؟

25. Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake Thawaf ngubengi kuburan kanthi pangajab nyerak marang mayit ing kuburan?

ج ٢٥ - : لَا نَطُوفُ إِلَّا بِالْكَعْبَةِ
قَالَ تَعَالَى: وَلِيَطُوفُوا بِالْبَيْتِ الْعَتِيقِ (سورة الحج).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ طَافَ بِالْبَيْتِ سَبْعًا وَصَلَّى رَكَعَتَيْنِ كَانَ كَعَتَقِ رَقَبَةٍ (صَحِيحُ رَوَاهُ ابْنُ مَاجَهَ).

Wangsulan : Awake dhewe ora dikeparengake Thawaf kajaba ana ing Ka'bah, Allah ta'ala dhawuh :

"Prayoga sira kabeh padha nindakna Thawaf ana ing Ka'bah." (QS. Al-Hajj, 29)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

"Sapa wonge Thawaf ana ing Ka'bah kaping pitu, banjur shalat rong rakaat. Ganjarane pada karo merdikakake budak."

(Hadits shahih riwayat Ibnu Majah)

س ٢٦ - : مَا حُكْمُ السِّحْرِ؟

26. Pitakonan : Apa hukume ngelmu sihir ? (santhet, tenung, magic, jengges, pelet, gendam, lan sapanunggalane-pent).kewan (kurban) kanggo saliyane Allah?

ج ٢٦ - : السِّحْرُ مِنَ الْكُفْرِ

قَالَ تَعَالَى: وَلَكِنَّ الشَّيْطَانَ كَفَرُوا يُعَلِّمُونَ النَّاسَ السِّحْرَ (سورة البقرة).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: جَتَنِبُوا السَّبْعَ الْمُوْبِقَاتِ: الشِّرْكَ بِاللَّهِ،
وَالسُّحْرُ... (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulana : Ngelmu sihir iku kalebu kekufuran, Allah ta'ala dhawuh, :

"Ananging para setan iku sing kafir sebab deweke menahi piwulang ngelmu sihir marang manungsa."
(QS. Al-Baqarah, 102)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dawuh, :

"Sumingkira sira saka pitung perkara kang agawe cilaka ; Tumindak syirik marang Allah, Ngelmu sihir ..."
(HR. Muslim)

س ٢٧ - : هَلْ نُصَدِّقُ الْعَرَّافَ وَالْكَاهِنَ فِي عِلْمِ الْغَيْبِ؟

27. Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake ngandel marang dukun lan tukang ramal ing babagan ngelmu ghaib?

ج ٢٧ - : لَا نُصَدِّقُهُمَا

لِقَوْلِهِ تَعَالَى: قُلْ لَا يَعْلَمُ مَنْ فِي السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ الْغَيْبَ إِلَّا اللَّهُ (سورة النمل).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ أَتَى عَرَّافًا أَوْ كَاهِنًا فَصَدَّقَهُ بِمَا يَقُولُ، فَقَدْ كَفَرَ بِمَا أُنزِلَ عَلَى مُحَمَّدٍ (صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

Wangsulan : Awake dhewe ora dikeparengake ngandel marang dukun lan tukang ramal, adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala :

"Dhawuha sira Muhammad ! saisine langit lan bumi, ora ana sawiji kang mangerteni barang ghaib kajaba namung Allah ta'ala." (QS. An-Naml, 65)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh, :

"Sapa wonge teka marang dukun utawa tukang ramal. Banjur mercayani kandhane dukun. Yekti dheweke wis kafir marang wahyu kang diparingake marang Nabi Muhammad shalallahu 'alaihi wa sallam." (Hadits shahih riwayat Ahmad)

س ٢٨ - : هَلْ يَعْلَمُ الْغَيْبَ أَحَدٌ؟

28. Pitakonan : Apa ana sawijining makhluk kang weruh barang ghaib?

ج ٢٨ - : لَا يَعْلَمُ الْغَيْبَ أَحَدٌ إِلَّا مَنْ أَطَّلَعَهُ اللَّهُ مِنَ الرُّسُلِ



○ قَالَ تَعَالَى: عَلِيمُ الْغَيْبِ فَلَا يُظْهِرُ عَلَىٰ غَيْبِهِ أَحَدًا إِلَّا مَنْ أَرْتَضَىٰ مِنْ رَسُولٍ (سورة الجن).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَا يَعْلَمُ الْغَيْبَ إِلَّا اللَّهُ.

Wangsulana : Ora ana sawijining makhluk kang weruh barang ghaib. Kajaba wong kang diparingi ngerti dening Allah ta'ala saka perangané para Rasul. Allah ta'ala dhawuh, :

"Panjenengané Allah kang ngawuningani barang ghaib. Allah ora medharake barang ghaib marang sapa-sapa. Kajaba marang para rasul kang diridhai dening Allah."

(QS. Jin, 25-26)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam dhawuh, :

"Ora ana kang meruhi barang ghaib kajaba amung Allah ta'ala." (hadits hasan riwayat Thabarani)

س ٢٩ - : هَلْ نَلْبَسُ الْخَيْطَ وَالْحَلَقَةَ لِلشِّفَاءِ؟

29. Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake nganggo jimat rupa tali lan gelang kanggo mertamba?

ج ٢٩ - : لَا نَلْبَسُهُمَا



لِقَوْلِهِ تَعَالَى: وَإِنْ يَمَسُّكَ اللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُ إِلَّا هُوَ
(سورة الأنعام).

وَقَوْلِهِ ﷺ: أَمَّا إِنَّهَا لَا تَزِيدُكَ إِلَّا وَهْنًا، انْبِذْهَا عَنكَ، فَإِنَّكَ
لَوْ مِتَّ مَا أَفْلَحْتَ أَبَدًا (صَحِيحُ رَوَاهُ الْحَاكِمُ وَصَحَّحَهُ
وَوَافَقَهُ الذَّهَبِيُّ).

Wangsulun : Awake dhewe ora dikeparengake nganggo barang cacah loro iku mau adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala, :

“Menawa sira ketaman bebendu ora ana kang bisa ngilangi kajaba amung Allah ta’ala.” (QS. Al-An’am, 17)

Lan adhedhasar dhawuhipun Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam :

“Mangertia menawa jimat iku ora bisa nambahi kejaba saya ringkih. Guwaken ! menawa sira mati kanthi kahanan nganggo jimat, sira ora bakal beja selawase.”

(Hadits shahih riwayat Al-Hakim lan dishahihake uga disarujuki dening Imam Adz-Dzahabi)



س ۳۰ - : هَلْ نُعَلِّقُ الْخَرَزَةَ وَالْوَدْعَةَ وَنَحْوَهَا؟

30. Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake nganggo jimat rupa kalung, kulbuntet lan sapanunggalane?

ج ۳۰ - : لَا نُعَلِّقُهَا مِنَ الْعَيْنِ
لِقَوْلِهِ تَعَالَى : وَإِنْ يَمَسُّكَ اللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُ إِلَّا هُوَ
(سورة الأنعام).

وَقَوْلِهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : مَنْ عَلَّقَ تَمِيمَةً فَقَدْ أَشْرَكَ
(صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ)

التَّمِيمَةُ: الْخَرَزَةُ أَوْ الْوَدْعُ تُعَلَّقُ مِنَ الْعَيْنِ

Wangsulan : Awake dhewe ora dikeparengake nganggo barang-barang iku mau kanggo tolak sawan, adhedhasar dhawuhipun Allah ta'ala :

"Menawa sira ketaman bebendu ora ana kang bisa ngilangi kejaba namung Allah ta'ala." (QS. Al-An'am, 17)



Lan adhedhasar dhawuhipun Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam :

”Sapa wonge nganggo Tamimah (jimat), yekti dheweke wis tumindak syirik.” (HR. Ahmad)

Tamimah iku kalung rupa inten, akik, lan kulbuntet kang digunakake kanggo tolak sawan/ sawangen.

س ٣١ - : مَا حُكْمُ الْعَمَلِ بِالْقَوَائِنِ الْمُخَالَفَةِ لِلْإِسْلَامِ؟

31. Pitakonan : Apa hukume ngamalake aturan-aturan gaweane manungsa kang nalisir saka agama Islam?

ج ٣١ - : الْعَمَلُ بِالْقَوَائِنِ الْمُخَالَفَةِ لِلْإِسْلَامِ كُفْرٌ إِذَا أَجَاذَهَا
أَوْ اعْتَقَدَ صِلَاحِيَّتَهَا

قَالَ تَعَالَى : وَمَنْ لَمْ يَحْكَمْ بِمَا أَنْزَلَ اللَّهُ فَأُولَئِكَ هُمُ
الْكَافِرُونَ (سورة المائدة)



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: وَمَا لَمْ تَحْكَمْ أُمَّتَهُمْ بِكِتَابِ اللَّهِ،
وَيَتَخَيَّرُوا مِمَّا أَنْزَلَ اللَّهُ إِلَّا جَعَلَ اللَّهُ بِأَسْهُمَ بَيْنَهُمْ
(حَسَنُ رَوَاهُ ابْنُ مَاجَةَ وَغَيْرُهُ).

Wangsulana : Ngamalake aturan gaweane manungsa kang nalisir saka agama Islam iku pinangka tumindak kufur nalika nduweni kapercayan manawa aturan iku mau halal, utawa nduweni kapercayan manawa aturan iku mau luwih becik tinimbang hukum Islam. Allah ta'ala dhawuh :

"Lan sapa wonge ora ngamalake hukume Allah mangka dheweke kalebu wong-wong kang kafir."

(QS. Al-Maidah, 44)

Lan Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Sauger para panguwasa ora ngamalake kitabe Allah, lan ora gelem milih wahyu kang wis Allah paringake, mesthi Allah bakal anggawe dheweke dadi cecongkrahaman."

(Hadits hasan riwayat Ibnu Majah lan ulama liyane).

س ٣٢ - : كَيْفَ نَرُدُّ سُؤَالَ الشَّيْطَانِ: مَنْ خَلَقَ اللَّهَ؟

32. Pitakonan : Kepiye carane awake dhewe mbantah marang pitakonane setan : “Sapa sing nyipta Allah ?.”

ج ٣٢ - : إِذَا وَسَّوَسَ الشَّيْطَانُ لِأَحَدِكُمْ هَذَا السُّؤَالَ فَلْيَسْتَعِذْ بِاللَّهِ

. قَالَ تَعَالَى : وَإِمَّا يَنْزَغَنَّكَ مِنَ الشَّيْطَانِ نَزْغٌ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ (سورة فصلت).

وَعَلَّمَنَا الرَّسُولُ أَنْ نَرُدَّ كَيْدَ الشَّيْطَانِ وَنَقُولُ: آمَنْتُ بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ، اللَّهُ أَحَدٌ، اللَّهُ الصَّمَدُ، لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ.

ثُمَّ لِيَتَّفَلَ عَنْ يَسَارِهِ ثَلَاثًا، وَلْيَسْتَعِذْ مِنَ الشَّيْطَانِ، وَلْيَبْتَئِهِ فَإِنَّ ذَلِكَ يُذْهِبُ عَنْهُ. (هَذِهِ خُلَاصَةُ الْأَحَادِيثِ الصَّحِيحَةِ الْوَارِدَةِ فِي الْبُخَارِيِّ وَمُسْلِمٍ وَأَحْمَدَ وَأَبِي دَاوُدَ).



Wangsulan : Menawa setan menehi was-was marang salah sewijining sira kanthi pitakonan kaya mangkana mau. Enggal-enggala nyuwun pangayoman marang Allah. Allah ta'ala dhawuh :

"Menawa setan nggodha sira supaya nampik bebener, enggal nyuwuna pitulungan lan pangayoman marang Allah kang Maha miyarsa lan Maha mangertosi samubarang." **(QS Fushilat : 36)**

Lan Rasulullah wis paring piwulang marang awake dhewe babagan carane nampik godhane setan, yaiku kanthi ngucap :

"Aku iman marang Allah lan Rasul-E. Allah iku Pangeran kang disuwuni, Allah ora peputra lan ora diputrakake, lan ora ana sawiji kang madhani."

Sakwise kui banjur ngidu ing sisih kiwa kaping telu. Katutukake nyuwun pangayoman marang Allah ta'ala banjur mandheg (aja digagas godhane setan). Yekti cara iki bisa nampik godhane setan.

(Cara ini pinangka ringkesan saka hadits-hadits shahih riwayat Bukhari, Muslim, Ahmad lan Abu dawud)



س ۳۳ - : مَا هُوَ ضَرُّ الشُّرْكِ الْأَكْبَرِ؟

33. Pitakonan : Apa bahayane Syirik Akbar (tuminda syirik sing gedhe)?

ج ۳۳ - : الشُّرْكَ الْأَكْبَرُ يُسَبِّبُ الْخُلُودَ فِي النَّارِ .
 قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : إِنَّهُ مَنْ يُشْرِكْ بِاللَّهِ فَقَدْ حَرَّمَ اللَّهُ عَلَيْهِ
 الْجَنَّةَ وَمَأْوَاهُ النَّارُ وَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ أَنْصَارٍ (سورة
 المائدة).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : وَمَنْ لَقِيَ اللَّهَ يُشْرِكُ بِهِ شَيْئًا دَخَلَ النَّارَ
 (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulana : Syirik Akbar iku dadi jalaran manungsa mlebu neraka selawase. Allah ta'ala dhawuh :

"Yektine ! sapa kang musyrik anggone manembah marang Allah, dheweke diharamake ora kena mlebu suwarga. Panggonane ana ing neraka. Lan wong kang zalim iku ora ana kang bisa tetulung marang dheweke."

(QS Al-Maidah : 72)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :



Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Sapa sowan marang Allah kanthi nggawa dosa syirik,
dheweke bakal mlebu neraka.” (HR. Muslim)

س ٣٤ - : هَلْ يَنْفَعُ الْعَمَلُ مَعَ الشِّرْكِ؟

34. Pitakonan : Apa amal kang dibarengi karo tumindak syirik ana gunane ?

ج ٣٤ - : لَا يَنْفَعُ الْعَمَلُ مَعَ الشِّرْكِ
لِقَوْلِهِ تَعَالَى : وَلَوْ أَشْرَكُوا لَحَبِطَ عَنْهُمْ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ
(سورة الأنعام).

وَقَالَ ﷺ : قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : أَنَا أَغْنَى الشُّرَكَاءِ عَنِ
الشِّرْكِ مَنْ عَمِلَ عَمَلًا أَشْرَكَ مَعِي فِيهِ غَيْرِي تَرَكَتُهُ
وَشِرْكُهُ (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulan : Amal kang dibarengi karo tumindak syirik iku ora ana gunane, adhedhasar dhawuhe Allah:

”Menawa dheweke tumindak syirik, mesthi bakal muspra
amal kang wis ditindakake.” (QS Al-An’am : 88)

Lan Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Allah dhawuh ; Ingsun iku Dzat kang ora mbutuhake sekuthu, sapa wonge ngamal kanthi cara syirik ing sun bakal ninggalake dheweke lan sekuthune.” (HR. Muslim)



الشرك الأصغر

BAB KAENEM



**SYIRIK ASGHAR
(TUMINDAK SYIRIK
SING CILIK)**



س ٣٥ - : مَا هُوَ الشِّرْكَ الْأَصْغَرُ؟

35. Pitakonan : Apa kang diarani Syirik Asghar (tumindak syirik sing cilik) iku ?

ج ٣٥ - : الشِّرْكَ الْأَصْغَرُ هُوَ الرِّبَاءُ

، قَالَ تَعَالَى: فَمَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَاءَ رَبِّهِ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَلَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِ أَحَدًا (سورة الكهف).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: إِنَّ أَخَوْفَ مَا أَخَافُ عَلَيْكُمْ الشِّرْكَ الْأَصْغَرُ: الرِّبَاءُ. (صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

وَمِنَ الشِّرْكَ الْأَصْغَرِ قَوْلُ الرَّجُلِ:

لَوْ لَا اللَّهُ وَفُلَانٌ أَوْ مَا شَاءَ اللَّهُ وَشِئْتِ.

قَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَا تَقُولُوا مَا شَاءَ اللَّهُ وَشَاءَ فُلَانٌ، وَلَكِنْ قُولُوا:

مَا شَاءَ اللَّهُ ثُمَّ شَاءَ فُلَانٌ (صَحِيحُ رَوَاهُ أَبُو دَاوُدَ).

Wangsulan : Syirik Asghar iku Riya' (pamer), Allah ta'ala dhawuh :



”Sapa wonge kepingin ketemu marang Pangerane, prayoga nindakake amal shalih lan ora tumindak syirik nalika manambah marang Pangerane.” (QS Al-Kahfi : 110)

Lan Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Perkara sing tak sumelangake tumrape sira kabeh iku syirik sing cilik, utawa seneng pamer.” (Hadits shahih riwayat Ahmad)

Lan klebu tumindak Syirik Asghar nalika manungsa ngucap :

“Menawa ora kerana Allah lan si fulan”. Lan ngucap :
“Kanthi kersane Allah lan kersamu”. Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh :

”Sira iku aja ngucap ; ‘Kanthi kersane Allah lan kersane si fulan !’ Ananging ngucapa ; ‘Kanthi kersane Allah banjur kersane si fulan’.” (Hadits shahih riwayat Abu Dawud)

س ٣٦ - : هَلْ يَجُوزُ الْحَلْفُ بِغَيْرِ اللَّهِ؟

36. Pitakonan : Apa dikeparengake sumpah kanthi nyebut asma saliyane Allah ?

ج ٣٦ - : لَا يَجُوزُ الْحَلْفُ بِغَيْرِ اللَّهِ
قَالَ تَعَالَى: قُلْ بَلَىٰ وَرَبِّي لَتُبْعَثُنَّ (سورة التغابن).



وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ حَلَفَ بِغَيْرِ اللَّهِ فَقَدْ أَشْرَكَ
(صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ كَانَ حَالِفًا، فَلْيَحْلِفْ بِاللَّهِ أَوْ لِيَصْمِتْ
(مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ).

Wangsulan : Ora dikeparengake sumpah kanthi nyebut asma saliyane Allah. Allah ta'ala dhawuh :

“Dhawuha (sira Muhammad) ora mangkono, demi Pangeranku sesuk ing dina kiamat sira mesthi ditangekake saka pati.”

(QS At-Taghabun : 7)

Lan Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh :

“Sapa wonge sumpah kanthi nyebut asma saliyane Allah, yekti dheweke wis tumindak syirik.” **(Hadits shahih riwayat Ahmad)**

Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh :

Sapa wonge sumpah, prayoga nyebut asmane Allah utawa yen ora bisa luwih becik meneng wae.”

(HR Bukhari-Muslim)



التوسل وطلب الشفاعة

BAB KAPITU



TAWASSUL LAN
NYUWUN SYAFA'AT



س ۳۷ - : بِمَاذَا نَتَوَسَّلُ إِلَى اللَّهِ؟

37. Pitakonan : Kanthi cara kepiye awake dhewe Tawassul marang Allah ?

ج ۳۷ - : التَّوَسَّلُ مِنْهُ جَائِزٌ وَمَمْنُوعٌ

(۱) التَّوَسَّلُ الْجَائِزُ وَالْمَطْلُوبُ هُوَ التَّوَسَّلُ بِأَسْمَاءِ اللَّهِ وَصِفَاتِهِ وَالْعَمَلِ الصَّالِحِ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: وَلِلَّهِ الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ فَادْعُوهُ بِهَا (سورة الأعراف).

وَقَالَ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَأَبْتَغُوا إِلَيْهِ الْوَسِيلَةَ {أَيَّ تَقَرَّبُوا إِلَيْهِ بِطَاعَتِهِ وَالْعَمَلِ بِمَا يَرْضِيهِ} ذَكَرَهُ ابْنُ كَثِيرٍ نَقْلًا عَنْ قَتَادَةَ الْآيَةَ مِنْ سُورَةِ الْمَائِدَةِ.

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: أَسْأَلُكَ بِكُلِّ اسْمٍ هُوَ لَكَ {صَحِيحٌ رَوَاهُ أَحْمَدُ}.

وَقَوْلُهُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ لِلصَّحَابَةِ الَّذِي سَأَلَهُ مُرَافَقَتَهُ الْجَنَّةَ: أَعِنِّي عَلَى نَفْسِكَ بِكَثْرَةِ السُّجُودِ {أَيَّ الصَّلَاةِ وَهِيَ مِنَ الْعَمَلِ الصَّالِحِ} {رَوَاهُ مُسْلِمٌ}.



وَيَجُوزُ التَّوَسُّلُ بِحِبِّنا وَحِبِّ اللهِ وَالرَّسُولِ وَالْأَوْلِيَاءِ .
وَكَقِصَّةِ أَصْحَابِ الْغَارِ الَّذِينَ تَوَسَّلُوا بِأَعْمَالِهِمُ الصَّالِحَةِ فَفَرَجَ
اللهُ عَنْهُمْ .

Wangsulan : Tawassul iku ana kang dikeparengake lan ana kang diawisi.

Tawassul kang dikeparengake iku tawassul kanthi Asmane Allah lan sifat-sifat-E. Uga tawassul kanthi amal shalih. Allah ta'ala dhawuh :

"Lan Allah anggadahi Asmaul Husna nyuwuna sira kabeh kanthi nyebut Asmaul Husna."

(QS Al-A'raf : 180).

Allah ta'ala uga dhawuh :

"Hei wong-wong kang padha iman, padha taqwao sira marang Allah. Lan padha goleka lantaran kang bisa agawe sira cerak marang Allah."

(QS Al-Maidah : 35).

Ngemu surasa : Sira nyerak marang Allah kanthi taat marang Allah lan nindakake amal kang ditresnani dening Allah ta'ala. Tafsiran iki disebut dening Ibnu Katsir kapethik saka pangandikane Imam Qatadah nalika nafsirake ayat saka surat Al-Maidah ing nduwur.

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga nate dhawuh :



“Dhuh Allah kula nyuwun dhumateng paduka kanthi nyebat sedaya Asma kagungan Paduka.” (Hadits shahih riwayat Imam Ahmad).

Lan Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh marang para sahabat kang nyuwun supaya diuripake ana ing suwarga bebarengan karo Nabi :

“Pada ewangana aku supaya aku bisa tetulung marang sira kabeh kanthi ngakeh-akehi sujud !” Ngemu surasa supaya ngakeh-akehi nindakake shalat. Sebab shalat kalebu amal shalih. (HR. Muslim).

Lan dikeparengake tawassul kanthi katresnane awake dhewe lan katresnane Allah marang Rasul uga wong-wong kang shalih. Kaya lelakone wong sing kekurung sajroning guwa kang nindakake tawassul kanthi amal shalih, banjur Allah paring pepadhang kanggo dheweke.

(۲) التَّوَسُّلُ الْمَمْنُوعُ: وَهُوَ دُعَاءُ الْأَمْوَاتِ، وَطَلَبُ الْحَاجَاتِ مِنْهُمْ، كَمَا هُوَ وَاقِعُ الْيَوْمِ، وَهُوَ شِرْكٌ أَكْبَرُ،

لِقَوْلِهِ تَعَالَى: وَلَا تَدْعُ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَنْفَعُكَ وَلَا يَضُرُّكَ^ص فَإِنْ فَعَلْتَ فَإِنَّكَ إِذَا مِّنَ الظَّالِمِينَ {أَيِّ مِنَ الْمُشْرِكِينَ} (سورة يونس)



Tawassul kang diawisi :

1. Yaiku kanthi ndonga marang wong mati, lan ngaturake panyuwunan marang wong mati. Kaya dene sing akeh ditindakake ing dina saiki. Tumindak iki kalebu Syirik Akbar adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala :

"Lan aja pada ndonga marang saliyane Allah, kang ora bisa menehi manpangat lan bebaya marang sira. Menawa sira wani nindakake, yekti sira klebu perangane wong-wong kang tumindak dzalim." (QS Yunus : 106).

Wong-wong kang tumindak zalim iku maknane wong-wong kang tumindak syirik.

أَمَّا التَّوَسُّلُ بِجَاهِ الرَّسُولِ ﷺ كَقَوْلِكَ: (يَا رَبِّ بِجَاهِ مُحَمَّدٍ
اشْفِنِي) فَهَذَا بَدْعَةٌ لِأَنَّ الصَّحَابَةَ لَمْ يَفْعَلُوهُ،

وَلِأَنَّ عُمَرَ تَوَسَّلَ بِالْعَبَّاسِ حَيًّا بِدُعَائِهِ، وَلَمْ يَتَوَسَّلْ بِالرَّسُولِ
بَعْدَ مَوْتِهِ، وَهَذَا التَّوَسُّلُ قَدْ يُؤَدِّي لِلشَّرِكِ، وَذَلِكَ إِذَا اعْتَقَدَ أَنَّ
اللَّهَ مُحْتَاجًا لِوَاسِطَةٍ بَشَرٍ كَالْأَمِيرِ وَالْحَاكِمِ، لِأَنَّهُ شَبَّهَ الْخَالِقَ
بِالْمَخْلُوقِ.

وَلِمَعْرِفَةِ الْمَزِيدِ مِنَ التَّفَاصِيلِ وَأَدِلَّةِ هَذَا الْمَوْضُوعِ يُرَاجَعُ
رِسَالَةَ التَّوَسُّلِ وَأَحْكَامُهُ وَأَنْوَاعُهُ لِلشَّيْخِ الْأَبَانِيِّ



2. Tawassul kanthi kalungguhane Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam kayata nalika sira ngucap :

“Dhuh Allah kanthi kalungguhanipun kanjeng Nabi keparenga paduka paring kesarasan dumateng kawula.”

Tumindak iki kalebu tumindak Bid'ah, sebab para sahabat ora ana kang nindakake. Lan karena Umar bin Khathab nate tawassul kanthi Abbas bin Abdul Muthalib nalika isih gesang, kanthi cara njaluk didongakake. Lan Umar ora nate tawassul marang Nabi sakwise kanjeng Nabi seda.

Tawassul kang kaya mangkene iki bisa njalari Syirik nalika nduweni kepercayaan manawa Allah iku mbutuhake lantaran manungsa, kaya dene panguwasa lan pejabat. Sebab iku ateges madhakake antarane Khaliq (kang wenang nyipta) kelawan makhluk.

Kanggo nambahi kawruh kang luwih gamblang, uga dalil-dalil babagan perkara iki. Prayoga awake dhewe pada maca kitab *“At-Tawassul Ahkamuhu Wa Anwa'uhu”* seratane Syeikh Al-Albani *rahimahullahu*.

س ٣٨ - : هَلْ يَحْتَاجُ الدُّعَاءُ لِوَاسِطَةِ بَشَرٍ؟

38. Pitakonan : Apa ndonga iku butuh marang lantaran manungsa?

ج ٣٨ - : لَا يَحْتَاجُ الدُّعَاءُ لِوَاسِطَةِ بَشَرٍ



لِقَوْلِهِ تَعَالَى: وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ (سورة البقرة)

وَقَوْلِهِ ﷺ: إِنَّكُمْ تَدْعُونَ سَمِيعًا قَرِيبًا وَهُوَ مَعَكُمْ {أَيَّ بَعْلَمِهِ} (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulana : Ndonga iku ora mbutuhake lantaran manungsa adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala :

"Lan nalikane kawulaningsun padha nyuwun pirsamarang sira babagan ingsun, dhawuha ingsun iku cerak." (QS Al-Baqarah : 186).

Lan adhedhasar dhawuhe Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam ;

"Yektine sira iku nyuwun marang Pangeran Kang Maha Miyarsa lan Maha Cerak, lan Allah iku anyartani sira kabeh." (HR. Muslim).

Ngemu surasa Allah iku anyartani/bebarengan kalawan manungsa kanthi ngelmune.

س ٣٩ - : هَلْ يَجُوزُ طَلَبُ الدُّعَاءِ مِنَ الْأَحْيَاءِ؟

39. Pitakonana : Apa dikeparengake njaluk donga (njaluk didongakake) marang menungsa?

ج ٣٩ - : يَجُوزُ طَلَبُ الدُّعَاءِ مِنَ الْأَحْيَاءِ لَا الْأَمْوَاتِ



قَالَ تَعَالَى يُخَاطَبُ الرَّسُولَ حَيًّا: وَأَسْتَغْفِرَ لِدُنْبِكَ وَلِلْمُؤْمِنِينَ
وَالْمُؤْمِنَاتِ (سورة محمد).

وَفِي الْحَدِيثِ الصَّحِيحِ الَّذِي رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ: أَنَّ رَجُلًا ضَرِبُ
الْبَصْرَ أَتَى النَّبِيَّ ﷺ، فَقَالَ: ادْعُ اللَّهَ أَنْ يُعَافِيَنِي....

Wangsulana : Dikeparengake njaluk donga marang wong urip, lan ora dikeparengake njaluk donga marang wong mati. Allah ta'ala dhawuh nalika wawan pangandikan dumateng Rasul nalika piyambakipun tasih gesang :

"Lan sira (hei Muhammad) nyuwuna pangapura kanggo wong-wong kang iman sing lanang lan sing wadon."

(QS Muhammad : 19)

Disebutake uga ana sajroning hadits shahih riwayat Imam Tirmidzi :

"Yekti ana wong lanang kang lara mripate marak sowan marang Nabi banjur matur : Paduka kula suwun ndonga dumateng Allah supados Allah paring kesarasan dumateng kula."

س ٤٠ - : مَا هِيَ وَاسِطَةُ الرَّسُولِ ﷺ؟

Pitakonan : Kepiye mungguh jejibahane Nabi pinangka lantaran ?



ج ٤٠ - : وَاسِطَةُ الرَّسُولِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ هِيَ التَّبْلِيغُ
 قَالَ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ بَلِّغْ مَا أُنزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ
 (سورة المائدة).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (اللَّهُمَّ اشْهَدْ) جَوَابًا لِقَوْلِ الصَّحَابَةِ: (نَشْهَدُ أَنَّكَ
 قَدْ بَلَّغْتَ) (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulana : Jejibahane Nabi pinangka lantaran iku kanthi cara Tabligh (menehi piwulang syariat), Allah ta'ala dhawuh :

"Hei Rasul wulangna wahyu kang wis diparingake Pangeranira marang sira."
(QS Al-Maidah : 67)

Lan Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Dhuh Allah, mugi Paduka kepareng nekseni." Nalika iku Nabi maringi wangsulana marang para sahabat kang matur ; Kula sami nekseni bilih panjenengan sampun maringi piwucal syariat." (HR. Muslim).

س ٤١ - : مِمَّنْ نَطَلَبُ شَفَاعَةَ الرَّسُولِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ؟

Pitakonan : Awake dhewe iki njaluk syafaat Rasul marang sapa ?



ج ٤١ - : نَطْلُبُ شَفَاعَةَ الرَّسُولِ مِنَ اللَّهِ
قَالَ تَعَالَى: قُلْ لِلَّهِ الشَّفَاعَةُ جَمِيعًا (سورة الزمر).

وَعَلَّمَ ﷺ الصَّحَابِيَّ أَنْ يَقُولَ: اللَّهُمَّ شَفِّعْهُ فِي (حَسَنٌ صَحِيحٌ
رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ).

وَقَالَ ﷺ: إِنِّي اخْتَبَأْتُ دَوْعَتِي شَفَاعَةً يَوْمَ الْقِيَامَةِ مَنْ مَاتَ
مِنْ أُمَّتِي لَا يُشْرِكُ بِاللَّهِ شَيْئًا (رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulana : Awake dhewe njaluk syafaat Rasul marang Allah, Allah ta'ala dhawuh :

"Dhawuha sira (Muhammad) manawa sekabehing syafaat iku kagugane Allah." (QS Az-Zumar : 44).

Lan Nabi maringi piwulang marang para sahabat supaya ngucap :

"Dhuh Allah mugni Paduka ndadosaken Nabi saged nyuwunaken syafaat dumateng kula." (Hadits hasan riwayat Imam Tirmidzi).

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :



“Yekti ingsun nyinggahake pandonganingsun supaya ingsun bisa nyuwunake syafaat ing dina kiamat kanggo umatku kang mati kanthi kahanan ora nate tumindak syirik babar blas.” (HR Muslim)

س ٤٢ - : هَلْ نَطْلُبُ الشَّفَاعَةَ مِنَ الْأَحْيَاءِ؟

Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake njaluk syafaat marang wong sing isih urip ?

ج ٤٢ - : نَطْلُبُ الشَّفَاعَةَ مِنَ الْأَحْيَاءِ فِي أُمُورِ الدُّنْيَا
 قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : مَنْ يَشْفَعْ شَفَاعَةً حَسَنَةً يَكُنْ لَهُ نَصِيبٌ مِّنْهَا ^ط
 وَمَنْ يَشْفَعْ شَفَاعَةً سَيِّئَةً يَكُنْ لَهُ كِفْلٌ مِّنْهَا { أَيِ نَصِيبٌ مِّنْ
 وَزَرَهَا } (سورة النساء).

وَقَالَ ﷺ : اشفَعُوا تُوجَرُوا (صحيح رواه أبو داود).

Wangsulan : Awake dhewe dikeparengake njaluk syafaat marang wong urip babagan perkara kadonyan. Allah ta'ala dhawuh :

"Sapa menahi syafaat sing becik, dheweke bakal diparingi jatah kabecikan. Lan sapa wonge menahi syafaat sing ala dheweke bakal diparingi jatah sing ala." (QS An-Nisa : 85)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :



“Pada menehana syafaat ! sira bakal diparingi ganjaran.”
(Hadits shahih riwayat Abu dawud)

س ٤٣ - : هَلْ نَزِيدُ فِي مَدْحِ الرَّسُولِ ﷺ؟

Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake ngluwihi wates nalika ngalembana marang Nabi ?

ج ٤٣ - : لَا نَزِيدُ فِي مَدْحِهِ

، قَالَ تَعَالَى: قُلْ إِنَّمَا أَنَا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰ إِلَيَّ أَنَّمَا إِلَهُكُمُ إِلَهٌُ وَاحِدٌ (سورة الكهف).

وَقَالَ ﷺ: لَا تُطْرُونِي كَمَا أَطْرَتِ النَّصَارَىٰ عِيسَىٰ ابْنَ مَرْيَمَ، فَإِنَّمَا أَنَا عَبْدٌ فَقُولُوا عَبْدُ اللَّهِ وَرَسُولُهُ (رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ)

الإِطْرَاءُ: هُوَ مَبَالِغَةٌ فِي الْمَدْحِ

Wangsulana : Ora dikeparengake ngluwihi wates nalika ngalembana marang Nabi, Allah ta'ala dhawuh:

”Dhawuha sira (Muhammad) yektine ingsun iku manungsa kaya sira kabeh. Ingsun diparingi wahyu lan yektine Pangeranira iku Pangeran kang Maha Tunggal.”

(QS. Al-Kahfi : 110)



Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Aja pada tumindak Al-Itra’ (nyubya-nyubya kanthi ngluwihi wates) marang ingsun! kaya dene wong nasrani ngluwihi wates nalika nyubya-nyubya marang Isa bin Maryam. Yektine ingsun iku pinangka kawula, mangka pada ngucapa ; Muhammad iku kawula lan utusane Allah.” (HR. Bukhari)

Al-Itra’ iku mengku surasa kebablasen anggone ngalembana.



الجهاد والولاء والحكم

BAB KAWOLU



JIHAD, NYEDULUR
LAN MUTUSI PIDANA
PAUKUMAN



س ٤٤ - : مَا حُكْمُ الْجِهَادِ فِي سَبِيلِ اللَّهِ؟

Pitakonan : Apa hukume Jihad Fi Sabilillah ?

ج ٤٤ - : الْجِهَادُ وَاجِبٌ بِالْمَالِ وَالنَّفْسِ وَاللِّسَانِ . قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : أَنْفِرُوا خِفَافًا وَثِقَالًا وَجَاهِدُوا بِأَمْوَالِكُمْ وَأَنْفُسِكُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ (سورة التوبة).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : جَاهِدُوا الْمُشْرِكِينَ بِأَمْوَالِكُمْ وَأَنْفُسِكُمْ وَالسِّنْتِكُمْ (صَحِيحُ رَوَاهُ أَبُو دَاوُدَ).

Wangsulana : Jihad iku wajib ditindakake kanthi bandha, nyawa lan uga lisan. Allah ta'ala dhawuh :

"Padha mangkata jihad sira kabeh ing kahanan entheng utawa abot. Lan tindakna Jihad kanthi bandha lan nyawanira ing margine Allah." (QS At-Taubah : 41)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Tindakna jihad marang wong muysrik kanthi bandha, nyawa lan lisanira." (Hadits shahih riwayat Abu Dawud)



س ٤٥ - : مَا هُوَ الْوَلَاءُ؟

Pitakonan : Apa kang diarani Al-Wala' (nyedulur lan mbala marang wong Islam) iku ?

ج ٤٥ - : الْوَلَاءُ هُوَ الْحُبُّ وَالنُّصْرَةُ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى :
وَالْمُؤْمِنُونَ وَالْمُؤْمِنَاتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ (سورة التوبة).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : الْمُؤْمِنُ لِلْمُؤْمِنِ كَالْبَنِيَانِ يَشُدُّ بَعْضُهُ بَعْضًا
(رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulan : Al-Wala' iku ngemu surasa tresna lan tetulung. Allah ta'ala dhawuh :

"Wong iman lanang lan wong iman wadon iku siji marang liyane pada sih-sinisihan."

(QS At-Taubah : 71)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Wong iman iku marang wong iman liyane kayadene wewangunan kang mbakohake siji marang liyane."

(HR Muslim)



س ٤٦ - : هَلْ تَجُوزُ مَوَالَاةُ الْكُفَّارِ وَنُصْرَتُهُمْ؟

Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake nyedulur lan tetulung bab agama marang wong kafir?

ج ٤٦ - : لَا تَجُوزُ مَوَالَاةُ الْكُفَّارِ وَنُصْرَتُهُمْ، قَالَ تَعَالَى:
وَمَنْ يَتَوَلَّهُمْ مِنْكُمْ فَإِنَّهُ مِنْهُمْ (سورة المائدة).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: إِنَّ آلَ بَنِي فُلَانٍ لَيْسُوا بِأَوْلِيَائِي (صَحِيحُ رَوَاهُ
أَحْمَدُ)

Wangsulun : Awake dhewe ora dikeparengake nyedulur lan tetulung bab agama marang wong kafir, Allah ta'ala dhawuh :

"Lan sapa wae perangane sira kang nyedulur marang yahudi lan nasrani, mangka dheweke kalebu golongan kaum iku mau." (QS Al-Maidah : 51)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Yekti kulawargane suku fulan iku dudu wali-waliku (Sebab dheweke kafir)." (Hadits shahih riwayat Ahmad)



س ٤٧ - : مَنْ هُوَ الْوَلِيُّ؟

Pitakonan : Sapa kang diarani wali iku ?

ج ٤٧ - : الْوَلِيُّ هُوَ الْمُؤْمِنُ التَّقِيُّ قَالَ تَعَالَى : أَلَا إِنَّ أَوْلِيَاءَ
 اللَّهِ لَا خَوْفَ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ○ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَكَانُوا
 يَتَّقُونَ (سورة يونس)

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : إِنَّمَا وَلِيِّيَ اللَّهُ وَصَالِحُ الْمُؤْمِنِينَ
 (صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ)

Wangsulan : Wali iku wong kang iman lan taqwa, Allah ta'ala dhawuh :

"Mangertia yekti waline Allah iku ora bakal wedi lan ora bakal sedih. Yaiku wong-wong kang pada iman lan uga pada taqwa." (QS Yunus : 62-63)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Yekti waliku iku amung Allah lan wong-wong iman kang shalih." (Hadits shahih riwayat Ahmad)



س ٤٨ - : بِمَاذَا يَحْكُمُ الْمُسْلِمُونَ؟

Pitakonan : Kaum muslimin iku nindakake hukum kanthi apa?

ج ٤٨ - : يَحْكُمُ الْمُسْلِمُونَ بِالْقُرْآنِ وَالْحَدِيثِ الصَّحِيحِ
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: وَأَنْ أَحْكُمَ بَيْنَهُمْ بِمَا أَنْزَلَ اللَّهُ
(سورة المائدة).

وَقَالَ ﷺ: عَالِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ أَنْتَ تَحْكُمُ بَيْنَ عِبَادِكَ
(رَوَاهُ مُسْلِمٌ).

Wangsulan : Kaum muslimin ngamalake hukum kanthi Al-Qur'an lan hadits sing shahih. Allah ta'ala dhawuh :

"Lan pada tindakna hukum ing antarane sira kabeh kanthi wahyu peparinge Allah." (QS Al-Maidah : 49)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

*"Dhuh Allah Paduka menika ngawuningani perkawis ingkang ghaib lan perkawis ingkang katon. Paduka ingkang mutusi ing antawisipun titah Paduka."
(HR Muslim)*

العَمَلُ بِالْقُرْآنِ وَالْحَدِيثِ

BAB KASANGA



NGAMALAKE AL-QURAN
LAN AL-HADITS



س ٤٩ - : لِمَاذَا أَنْزَلَ اللَّهُ الْقُرْآنَ؟

Pitakonan : Apa sebabe Allah ta'ala maringake Al-Qur'an ?

ج ٤٩ - : أَنْزَلَ اللَّهُ الْقُرْآنَ لِلْعَمَلِ بِهِ قَالَ تَعَالَى : اتَّبِعُوا مَا أَنْزَلَ إِلَيْكُمْ مِّن رَّبِّكُمْ (سورة الأعراف).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : اقْرَأُوا الْقُرْآنَ ، وَعَمَلُوا بِهِ ، وَلَا تَأْكُلُوا بِهِ (صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

Wangsulana : Allah ta'ala maringi Al-Qur'an supaya diamalake, Allah dhawuh :

"Pada manuta marang wahyu kang diparingake Pangeranira marang sira."

(QS Al-A'raf :)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Pada wacanen Al-Qur'an, lan pada amalna sarta aja golek pangan lantaran Al-Qur'an." **(Hadits shahih riwayat Ahmad)**

س ٥٠ - : مَا حُكْمُ الْعَمَلِ بِالْحَدِيثِ الصَّحِيحِ؟

Pitakonan : Apa hukume ngamalake hadits sing shahih ?



ج ٥٠ - : الْعَمَلُ بِالْحَدِيثِ الصَّحِيحِ وَاجِبٌ
لِقَوْلِهِ تَعَالَى: وَمَا آتَاكُمُ الرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَاكُمْ عَنْهُ
فَأَنْتَهُوا (سورة الحشر).

وَقَالَ ﷺ: عَلَيْكُمْ بِسُنَّتِي وَسُنَّةِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ الْمَهْدِيِّينَ،
تَمَسَّكُوا بِهَا (صَحِيحٌ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

Wangsulan : Ngamalake hadits shahih iku wajib hukume,
adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala :

*"Apa wae kang didhawuhake Rasul marang sira pada
tindakna. Lan apa wae kang diawisi dening Rasul pada
tinggalna. Lan taqwao sira kabeh marang Allah."*

(QS Al-Hasyr : 7)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

*"Wajib tumrape sira kabeh gegujengan marang sunnahe
Rasul lan sunnahe Khulafaur Rasyidin sing antuk pituduh.
Pada gegujengana marang sunnah iku mau." (Hadits shahih
riwayat Ahmad)*

س ٥١ - : هَلْ نَسْتَعْنِي بِالْقُرْآنِ عَنِ الْحَدِيثِ؟

Pitakon : Apa awake dhewe cukup nggunakake Al-Qur'an
lan ora butuh marang Hadits?



ج ٥١ - : لَا نَسْتَعْنِي بِالْقُرْآنِ عَنِ الْحَدِيثِ
 . قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : وَأَنْزَلْنَا إِلَيْكَ الذِّكْرَ لِتُبَيِّنَ لِلنَّاسِ مَا نُزِّلَ
 إِلَيْهِمْ (سورة النحل).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : أَلَا وَإِنِّي أُوتِيتُ الْقُرْآنَ وَمِثْلَهُ مَعَهُ
 (صَحِيحُ رَوَاهُ أَبُو دَاوُدَ وَغَيْرُهُ).

Wangsulana : Awake dhewe durung cukup nggunakake Al-Qur'an tanpa Hadits, Allah ta'ala dhawuh :

"Lan Ingsun maringi sira Al-Qur'an supaya sira njlentrehake marang manungsa apa kang wis diparingake marang manungsa." (QS An-Nahl : 44)

Nabis shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Kawruhana aku diparingi Al-Qur'an lan diparingi perkara kang padha karo Al-Qur'an (yaiku Hadits)."

(Hadits shahih riwayat Abu Dawud lan ulama liyane)

س ٥٢ - : هَلْ نُقَدِّمُ قَوْلًا عَلَى قَوْلِ اللَّهِ وَرَسُولِهِ؟

Pitakon : Apa awake dhewe dikeparengake luwih nggugu marang panemune manungsa tinimbang dhawuhe Allah dan Rasul ?



ج ٥٢ - : لَا نُقَدِّمُ قَوْلًا عَلَى قَوْلِ اللَّهِ وَرَسُولِهِ
لِقَوْلِهِ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا لَا تَقَدَّمُوا بَيْنَ يَدَيِ اللَّهِ
وَرَسُولِهِ (سورة الحجرات).

وَلِقَوْلِهِ ﷺ: لَا طَاعَةَ لِمَخْلُوقٍ فِي مَعْصِيَةِ الْخَالِقِ (صَحِيحُ
رَوَاهُ الطَّبْرَانِيُّ).

وَقَوْلِ ابْنِ عَبَّاسٍ: أَخْشَى أَنْ تَنْزَلَ عَلَيْكُمْ حِجَارَةٌ مِنَ السَّمَاءِ،
أَقُولُ لَكُمْ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ، وَتَقُولُونَ قَالَ أَبُو بَكْرٍ وَعُمَرُ!!

Wangsulan : Ora dikeparengake luwih nggugu marang panemune manungsa tinimbang dhawuhe Allah lan Rasul adhedhasar dhawuhe Allah ta'ala :

"Hei wong-wong kang pada iman aja pada nglancangi ana ngarsane Allah lan Rasule." (QS Al-Hujurat : 1)

Lan adhedhasar dhawuhe Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam :

"Ora kena manut marang kawula ana sajroning kemaksiatan marang Allah." (Hadits shahih riwayat Ath-Tahabarani)

Lan adhedhasar dhawuhe Ibnu Abbas :



“Aku sumelang bakal ana udan watu saka langit nibani sira kabeh. Sebab aku kandha marang sira : Rasulullah dhawuh ananging sira mbantah kanthi kandhane Abu Bakar lan Umar.”

س ۵۳ - : مَاذَا نَفَعَلُ إِذَا اخْتَلَفْنَا؟

Pitakonan : Awake dhewe kudu kepiye nalika ana cecongkrahan ?

ج ۵۳ - : نَعُودُ إِلَى الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ الصَّحِيحَةِ.

قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: فَإِن تَنَزَعْتُمْ فِي شَيْءٍ فَرُدُّوهُ إِلَى اللَّهِ وَالرَّسُولِ
إِن كُنْتُمْ تُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ذَلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا
(سورة النساء).

وَقَالَ ﷺ: عَلَيْكُمْ بِسُنَّتِي وَسُنَّةِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ تَمَسَّكُوا
بِهَا (صَحِيحُ رَوَاهُ أَحْمَدُ).

Wangsulan : Awake dhewe bali marang Al-Qur’an lan As-Sunnah sing shahih, Allah ta’ala dhawuh :

”Nalika sira kabeh pada beda panemu ana sajroning perkara, pada balekna marang Allah lan Rasule menawa sira iman marang Allah lan dina kiamat. Kang kaya mangkana iku luwih utama lan luwih becik ing tembe mburine.” (QS An-Nisa : 59)



Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

“Wajib tumrape sira kabeh gegujengan marang sunnahku lan sunnahe para Khulafaur Rasyidin, pada godhelana marang sunnah iku mau.” **(Hadits shahih riwayat Ahmad)**

س ٥٤ - : كَيْفَ تُحِبُّ اللَّهَ وَرَسُولَهُ؟

Pitakonan : Kepiye carane anggonmu tresna marang Allah lan Rasule ?

ج ٥٤ - : أُحِبُّهُمَا بِطَاعَتِهِمَا، وَاتِّبَاعِ أَوْامِرِهِمَا
 قَالَ تَعَالَى: قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللَّهُ
 وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ (سورة آل عمران).

وَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّىٰ أَكُونَ أَحَبَّ إِلَيْهِ مِنْ وَالِدِهِ
 وَوَلَدِهِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ (مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ).

Wangsulan : Aku tresna marang Allah lan Rasule kanthi cara manut marang kekarone lan nindakake dhawuh-dhawuhe, Allah ta'ala dhawuh :

”Dhawuha sira (Muhammad) menawa sira kabeh ngaku tresna marang Allah, prayoga pada manut marang aku. Allah bakal tresna marang sira kabeh, lan paring pangapura marang sekabehing dosanira. Lan Allah iku Maha Paring Pangapura lan Maha welas.” **(QS Ali Imran : 31)**



س ۵۵ - : هَلْ نَتْرُكُ الْعَمَلَ وَنَتَّكِلُ عَلَى الْقَدْرِ؟

Pitakonan : Apa awake dhewe dikeparengake ninggalake amal lan pasrah marang takdir ?

ج ۵۵ - : لَا نَتْرُكُ الْعَمَلَ

عَمَلٍ لِقَوْلِهِ تَعَالَى : ﴿فَأَمَّا مَنْ أَعْطَى وَاتَّقَى ○ وَصَدَّقَ بِالْحُسْنَى ○ فَسَنُيَسِّرُهُ لِلْيُسْرَى﴾ (سورة الليل).

وَقَوْلِهِ ﷺ : اَعْمَلُوا فِكُلِّ مَيْسَرٍ لِمَا خُلِقَ لَهُ (رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ).

Wangsuln : Awake dhewe ora dikeparengake ninggalake amal adhedhasar dhawuhe Allah :

"Wong kang seneng aweh lan taqwa, semono uga sedekah lan percaya (marang ganjaran). Ingsun bakal maringi gampang marang dheweke." (QS Al-Lail : 5-7)

Lan adhedhasar dhawuhe Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam :

"Pada tindakna amal, sebab saben manungsa bakal digampangake." (H.R. Bukhori-Muslim)

السنة والبدعة

BAB
KASEPULUH



SUNNAH LAN BID'AH



س ٥٦ - : هَلْ فِي الدِّينِ بَدْعَةٌ حَسَنَةٌ؟

Pitakonan : Apa ana bid'ah hasanah ana sajroning agama ?

ج ٥٦ - : لَيْسَ فِي الدِّينِ بَدْعَةٌ حَسَنَةٌ
وَالدَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتَمَمْتُ عَلَيْكُمْ
نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا (سورة المائدة).

وَقَوْلُهُ ﷺ: وَكُلُّ بَدْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ
(صَحِيحٌ رَوَاهُ أَحْمَدُ وَغَيْرُهُ).

Wangsuln : Ora ana bid'ah hasanah ana sajroning agama.
Dalile Allah ta'ala dhawuh:

"Ing dina iki Ingsun wis nyampurnakake agamanira, lan wis dak cukupake nikmat ing sun kanggo sira. Lan ing sun wis ridha Islam dadi agamanira." (QS Al-Maidah : 3)

Uga dhawuhe Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam :

"Sekabehe bid'ah iku nyasar, lan sekabehe amal kang nyasar iku ana ing neraka panggonane." (Hadits shahih riwayat Ahmad lan ulama liyane)

س ٥٧ - : مَا هِيَ الْبِدْعَةُ فِي الدِّينِ؟

Pitakonan : Apa kang diarani bid'ah iku ?

ج ٥٧ - : الْبِدْعَةُ فِي الدِّينِ هِيَ الزِّيَادَةُ فِيهِ أَوْ النُّقْصَانُ .
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى مُنْكَرًا عَلَى الْمُشْرِكِينَ بِدْعَهُمْ :
أَمْ لَهُمْ شُرَكَاءُ شَرَعُوا لَهُمْ مِّنَ الدِّينِ مَا لَمْ يَأْذَنُ بِهِ اللَّهُ
(سورة الشورى).

وَقَالَ ﷺ : مَنْ أَحْدَثَ فِي أَمْرِنَا هَذَا مَا لَيْسَ مِنْهُ فَهُوَ رَدٌّ
(مُتَّفَقٌ عَلَيْهِ) (رَدُّ: غَيْرُ مَقْبُولٍ).

Wangsulan : Bid'ah ana sajroning agama iku nambahi utawa nyuda syariat, Allah ta'ala dhawuh nalika maido marang wong-wong kang musyrik :

"Apa wong-wong musyrik iku nduweni sekuthu kang gawe syariat agama kanthi tanpa ijin palilahe Allah."

(QS Asy-Syura : 21)

Nabi shalallahu 'alaihi wa sallam uga dhawuh :

"Sapa wonge gawe perkara anyar sajroning agama kang ora ana parentahe, bakal tinampik." **(Muttafaqun 'alaih)**

Tinampik maknane ora bakal ditampa dening Allah ta'ala.



س ٥٨ - : هَلْ فِي الْإِسْلَامِ سُنَّةٌ حَسَنَةٌ؟

Pitakonan : Apa sunnah hasanah iku ana ing sajrone Agama Islam ?

ج ٥٨ - : نَعَمْ فِي الْإِسْلَامِ سُنَّةٌ حَسَنَةٌ.

قَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ سَنَّ فِي الْإِسْلَامِ سُنَّةً حَسَنَةً، فَلَهُ أَجْرُهَا وَأَجْرُ مَنْ عَمَلَ بِهَا مِنْ بَعْدِهِ، مِنْ غَيْرِ أَنْ يَنْقُصَ مِنْ أَجُورِهِمْ شَيْءٌ (رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ).

Wangsulan : Iya sunnah hasanah iku ana ing sajrone agama Islam, Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh :

“Sapa wonge nguri-uri sunnah sing becik sajroning agama Islam. Dheweke bakal diparingi ganjaran sunnah iku mau lan diparingi ganjarane wong sing ngamalake sunnah sakwise iku tanpa nyuda ganjaran mau babar pisan.”

(HR. Bukhari)

س ٥٩ - : مَتَى يَنْتَصِرُ الْمُسْلِمُونَ؟

Pitakon : Kapan kaum muslimin dimenangake dening Allah ?



ج ٥٩ - : يَنْتَصِرُ الْمُسْلِمُونَ إِذَا رَجَعُوا إِلَى تَطْبِيقِ كِتَابِ رَبِّهِمْ
 وَسُنَّةِ نَبِيِّهِمْ ﷺ وَأَخَذُوا بِنَشْرِ التَّوْحِيدِ، وَحَذَرُوا مِنَ الشَّرِكِ
 عَلَى اخْتِلَافِ مَظَاهِرِهِ، وَأَعَدُّوا لِأَعْدَائِهِمْ مَا اسْتَطَاعُوا مِنْ قُوَّةٍ
 قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا إِن تَنْصُرُوا اللَّهَ يَنْصُرْكُمْ
 وَيُثَبِّتْ أَقْدَامَكُمْ (سورة محمد).

وَقَالَ أَيضًا: وَعَدَ اللَّهُ الَّذِينَ ءَامَنُوا مِنْكُمْ وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
 لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ فِي الْأَرْضِ كَمَا اسْتَخْلَفَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ وَلَيُمَكِّنَنَّ
 لَهُمْ دِينَهُمُ الَّذِي ارْتَضَى لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُمْ مِنْ بَعْدِ خَوْفِهِمْ أَمْنًا
 يَعْبُدُونَنِي لَا يُشْرِكُونَ بِي شَيْئًا (سورة النور).

Wangsulana : Kaum muslimin bakal dimenangake dening Allah nalika dheweke gelem bali ngamalake isine kitab Allah (Al-Qur'an) lan Sunnah Nabine shalallahu 'alaihi wa sallam. Gelem nggethok tularake aqidah tauhid, menahi pepeling saka tumindak syirik awujud apa wae. Lan dheweke nyepakake kekuatan kanggo ngadhepi mungsuh. Allah ta'ala dhawuh :



"Hei wong-wong kang padha iman, menawa sira tetulung marang Allah. Allah bakal tetulung marang sira kabéh lan bakal ngukuhaké dlamakanira ora bakal mundur sapecak."

(QS Muhammad : 7)

"Allah janji marang wong kang pada iman saka sira kabéh, lan wong kang nindakaké amal shalih. Bakal diparingi panguasa ana ing bumi kaya sing wis diparingake marang wong-wong sadurungé sira.

Dikukuhaké agamané yaiku agama kang wis diridhai Allah kanggo dhéwéké.

Lan diparingi ganti katentreman sawisé rasa wedi.

Sauger pada gelem ngibadah marang Ingsun lan ora tumindak syirik marang Ingsun babar blas."

(QS An-Nur : 55)

الدعاء المستجاب

BAB KASEWELAS



PENDONGA KANG
MUSTAJAB
UTAWA MANDI



Nabi shalallahu ‘alaihi wa sallam dhawuh : Nalika sawijining kawula/ manungsa ketaman kasusahan lan sedih banjur dheweke ngucap :

اللَّهُمَّ إِنِّي عَبْدُكَ وَابْنُ عَبْدِكَ وَابْنُ أُمَّتِكَ ، نَاصِيَتِي بِيَدِكَ ،
 مَاضٍ فِي حُكْمِكَ ، عَدْلٌ فِي قَضَائِكَ ، أَسْأَلُكَ بِكُلِّ اسْمٍ
 هُوَ لَكَ ، سَمَّيْتَ بِهِ نَفْسَكَ ، أَوْ أَنْزَلْتَهُ فِي كِتَابِكَ ، أَوْ عَلَّمْتَهُ
 أَحَدًا مِنْ خَلْقِكَ ، أَوْ اسْتَأْثَرْتَ بِهِ فِي عِلْمِ الْغَيْبِ عِنْدَكَ ،
 أَنْ تَجْعَلَ الْقُرْآنَ رَبِيعَ قَلْبِي ، وَتُورَ صَدْرِي وَجَلَاءَ حُزْنِي
 وَذَهَابَ هَمِّي

إِلَّا أَذْهَبَ اللَّهُ هَمَّهُ وَحُزْنَهُ ، أَبَدَلَهُ مَكَانَهُ فَرَجًا
 (صحيح رواه أحمد)

"Allahumma Inni ‘Abduka wabnu ‘abdika, wabnu amatika, nasiyati biyadika, madhin fi hukmika, ‘Adlun Fi Qadha’ik. As’aluka bikullismin huwa laka, sammaita bihi nafsak, au anzaltahu fi kitabika, au ‘allamtahu ahadan min khalqika awista’tsarta bi fi ‘ilmil ghaibi ‘indaka an taj’alal qur’ana rabi’a qalbi wa nuura shadri wa jala’a huzni wa dzahaaba hammi."



Werdine/ artine :

"Dhuh Allah yektosipun kula niki kawula paduka, putra saking kawula paduka ingkang kakung lan putra saking kawula paduka ingkang estri. Ubun-ubun kula wonten panguwaosipun Paduka. Pepesthen paduka dumateng kula mesthi kalampahan, lan takdir Paduka dhumateng kula mesthi adil.

Kula nyuwun dhumateng Paduka kanthi nyebat sedanten asma Paduka. Asma ingkang Paduka Agem. Asma ingkang sampun paduka wucallaken dhumateng sawijining makhluk Paduka. Asma ingkang Paduka simpen wonten alam ghaib ing ngarsa Paduka. Supados Paduka ndadosaken Al-Qur'an pinangka bebungahe ati kula, pepadange dada kula, tamba kasedihan kula, lan tamba kasusahan kula."

"Mesthi Allah bakal ngilangi rasa sedih lan susahe. Lan bakal ngganti rasa sedih kanthi bebungah."

(Hadits shahih riwayat Ahmad)




Aplikasi Cinta Sedekah



CINTASEDEKAH.ORG/KALKULATOR-ZAKAT/



[CINTASEDEKAH.ORG/APLIKA
SI-CINTA-SEHAT](http://CINTASEDEKAH.ORG/APLIKA-SI-CINTA-SEHAT)



JADWALKAJIAN.COM

Program Cinta Sedekah



CINTA SEHAT



PROGRAM SOSIAL



DA'I NUSANTARA



SANTUNAN ARMALA



WAKAF QURAN & IQRO



JADWAL KAJIAN SUNNAH INDONESIA



KALKULATOR ZAKAT



SEDEKAH AIR BERSIH



WAKAF



SAHABAT BIAS

Yayasan Cinta Sedekah

Yayasan Cinta Sedekah adalah lembaga nirlaba milik kaum muslimin yang berkhidmat mengelola infak dan sedekah sesuai syariat untuk mewujudkan masyarakat Muslim yang bermartabat.

Berawal dari bincang ringan dengan pembina group *Bimbingan Islam* terkait problematika dakwah dan banyaknya potensi umat yang belum dikembangkan secara optimal, dalam upaya mengembangkan dakwah agar mampu menjangkau semua elemen masyarakat dan kalangan, maka munculah gagasan untuk mendirikan Lembaga Nirlaba, Sosial dan Dakwah yang dikelola secara profesional sesuai petunjuk syariat Islam.

Selain menyalurkan infak dan sedekah pada umumnya, **Yayasan Cinta Sedekah** lebih berfokus menyalurkan sedekah berupa bantuan pendidikan kepada kaum muslimin sehingga sedekah Anda tidak berhenti disaat itu, tetapi menjadi ilmu jariah yang mengalir terus pahalanya selama terus diamalkan dan disebar. Dengan demikian pahala sedekah Anda menjadi lebih maksimal dan luas penggunaannya.

Yayasan Bimbingan Islam (BiAS)

Bimbingan Islam atau lebih sering disingkat BiAS adalah wadah untuk belajar agama islam melalui media aplikasi Whatsapp, saat ini BiAS bermarkas di Jalan Nyi Ageng Nis, KG1/511, Rejowinangun, Kotagede, Yogyakarta, Daerah Istimewa Yogyakarta, Indonesia

Bimbingan Islam atau BiAS diasuh dan dibimbing oleh para ustadz lulusan dari Universitas Islam Al-Madinah Kerajaan Saudi Arabia. Beberapa Asatidzah pembimbing dan pemateri di bimbingan Islam adalah sebagai berikut:

- **Ustadz Fauzan Abdullah**
- **Ustadz Amrullah Akadhinta**
- **Ustadz Rosyid Abu Rosyidah**
- **Ustadz Abul Aswad Al Bayati**
- **Ustadz Ratno**
- **Ustadz Riki Kaptamto**
- **Ustadz Rizqo Kamil**
- **Ustadz Arief Budiman**
- **dan asatidz lainnya**